**O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**«TARİYX HA’M ARXEOLOGİYa» KAFEDRASI**

# *«ALG’ASHQI JA’MIYET TARIYXI»*

## lektsiya tekstleri

**Du’zgen:** **ass. Seytimbetova Nargiza**

**NO’KIS - 2011 JIL**

# Tema. Kirisiw. Alg'ashqi ja'miyet tariyxi pa'ninin' predmeti ha'm waziypaları izertlew metodologiyasi

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu'ri: leкtsiya

Tiyкarg'ı sawallar:

1. Alg'ashqı ja'miyet tariyxı kursının' mazmunı, wazıypaları ha'm a'hmiyeti.
2. Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' da'wirlestiriliwi ha'm sa'neleri.
3. Sa'nelerdi anıqlawda ta'biyiy ilimlerdin' ornı.

Tayanısh so'zler: Alg'ashqi ja'miyet tariyxi pa'ni, alg'ashqı qa'wimlik du'zim, da'wirlestiriliw, oykumena, xronologiк shegarası,tariyxiy da'wirler, Arxeologiyalıq da'wirlestiriw, insan evolyutsiya basqishlari, absolyut jasi

**MAQSETI:**

Alg'ashqi ja'miyet tariyxi pa'ninin' predmetin aship beriw, uyreniw a'hmiyetin aship beriw, alg'ashqi ja'miyet tariyxin da'wirlestirgen alimlar pikirlerin talqilaw, Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' da'wirlestiriliwin tusindiriw ham xronologiyasin ko'rsetiw.

**IDENTIV OQIW MAQSETLERI:**

Alg'ashqi ja'miyet tariyxi pa'ninin' predmeti ham uyreniw a'hmiyetin biledi.

Alg'ashqi ja'miyet tariyxi tusinigin tusinedi.

Alg'ashqi ja'miyet tariyxin da'wirlestirgen alimlar pikirlerin salistiradi.

Alg'ashqı ja'miyet du'zimin da'wirlestiredi.

Alg'ashqi ja'miyet rawajlaniw basqishlarinin xronologiyasin ko'rsetedi.

## 1.Alg'ashqı ja'miyet tariyxı kursının' mazmunı, wazıypaları ha'm a'hmiyeti.

İlimpazlar adamzat tariyxın a'dette bir qatar iri da'wirlerge bo'ledi. Ayırımlar onı en' a'yemgi, a'yemgi da'wirler, orta a'sirler, jan'a da'wir ha'm en' jan'a da'wir dep ajıratsa, ayırımlar onı ja'miyetlerge bo'ledi. Ja'miyettin' bunday tariyxıy tu'rlerin yamasa basqıshların alg'ashqı qa'wimlik du'zim, qul iyelewshilik du'zim, feodalizm ha'm kapitalizm dep ataydı.

Tariyxıy protsessti da'wirlestiriwge ha'r tu'rli izertlewshiler qalay qaramastan, onın' baslang'ısh da'wiri alg'ashqı qa'wimlik du'zim bolg'anlıg'ın hesh kim inkar ete almaydı. Alg'ashqı qa'wimlik du'zim jer sharında adamnın' payda bolıwınan klasslıq ja'miyetler ha'm ma'mleketlerdin' ju'zege keliwine shekemgi aralıqtı o'z ishine alatug'ın en' a'yemgi ha'm en' uzaq dawam etken da'wir bolıp esaplanadı. Adamzat o'mirinin' usı baslang'ısh basqıshın alg'ashqı

ja'miyet tariyxı izertleydi.

Alg'ashqı ja'miyet tariyxı qanday ma'seleler menen shug'ıllanadı? Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' en' a'hmiyetli ma'seleleri qatarına adamnın' kelip shıg'ıwı, olardın' sotsiallıq ha'reketi, materiallıq ha'm ruhıy ma'deniyattın' payda bolıwı ha'm rawajlanıwı ma'seleleri kiredi, bunnan tısqarı ol alg'ashqı du'zimnin' o'zine ta'n belgilerin, onın' payda bolıwı, rawajlanıwı ha'm dag'darısqa ushırawı ha'm olardın' sebeplerin anıqlaydı, bul du'zim klasslıq ja'miyetke o'tiw sha'rayatları ha'm ko'rinislerin ashıp beriwge ha'reket etedi. Adam o'mirinin', sonın' ishinde ha'zirgi zamandag'ı o'mirinin' ko'plegen qubılısları sol alg'ashqı ja'miyet da'wirinde payda boladı yamasa payda bola baslaydı. Olardın' tek ayırımların aytıp o'temiz; turaq jay ha'm kiyim, diyxanshılıq ha'm sharwashılıq, miynettin' ja'miyetlik bo'liniwi, neke ha'm semya, moral ha'm etiket, paydalı bilimler, o'ner ha'm diniy isenimler. Materiallıq ma'deniyattın', sotsiallıq normalardın' ha'm ideologiyalıq tu'siniklerdin' ayırım elementlerinin' evolyutsiyasına tu'sinip jetiw ushın a'dette olardın' kelip shıg'ıwına, negizine itibar beriwine tuwra keledi. Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' ilimiy a'hmiyeti mine usıdan ibarat.

**2. Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' da'wirlestiriliwi ha'm sa'neleri.** Alg'ashqı qa'wimlik du'zim adamzat tariyxının' en' uzaq dawam etken basqıshı boldı. Onın' to'mengi shegarasın anıqlaw biraz qıyınshılıqtı tuwdıradı. Sebebi son'g'ı waqıtları tawıp izertlegen en' a'yemgi qazılma adamlardı geypara qa'nigeler adam dep esaplasa, ayırımları adamg'a shekemgi maqluq dep qaraydı. Ha'zirgi waqıtta ilimpazlardın' bir bo'limi en' a'yemgi adam (sonın' menen qatar alg'ashqı ja'miyet ha'm) 1,5 - 1 mln jıl burın payda boldı dep esaplaydı, al basqa bir qatarı bul waqıyanı 2,5 mln jıl ilgeri da'wirge tiyisli dep qaraydı. Alg'ashqı qa'wimlik du'zimnin' joqarg'ı shegarası ha'r tu'rli kontinentte ha'r tu'rli bolıp son'g'ı 5 mın' jıllıqtın' ishinde o'zgerip turadı. Aziya ha'm Afrikada da'slepki klasslıq ja'miyetler ha'm ma'mleketler 4 m.j.aqırı 3 m.j.basında, Evropada b.e.sh. I m.j. Amerikada - er. I m.j.,al oykumenanın' basqa oblastlarında-bunnan ha'm keyinirek qa'liplesti. Arxeologiyalıq da'wirlestiriw miynet qurallarının' materialı ha'm olardı islep shıg'ıw texnikasına tiykarlang'an. A'yemgi Qıtay ha'm Rim filosoflarına belgili bolg'an tariyxtı a'sirlerge bo'lip u'yreniw XIX-XX a'sir basında ilimiy negizde islenip shıg'ıldı.Tas a'siri paleolitten baslanadı. Ha'zir ko'pshilik ilimpazlar onı erte, orta ha'm son'g'ı kesh paleolit dep bo'ledi. Onnan keyin orta tas a'siri mezolit baslanadı.Tas a'sirinin' juwmaqlawshı da'wiri jan'a tas a'siri - neolit. Onın' aqırında birinshi mıs miynet quralları payda boldı ha'm bul da'wir eneolit dep ataladı.

Arxeologiyalıq da'wirlestiriw alg'ashqı ja'miyettin' absolyut ha'm tahminiy xronologiyası ushın ken' mumkinshilik ashadı. Absolyut sa'nelew ushın ta'biyiy ilimlerdin' ha'r tu'rli usılları paydalanıladı: izotoplı radiokarbonlı ha'm kaliy argonlı (radioaktivli elementlerdin' rasxod-waqtı boyınsha), geoxronologiyalıq, dendroxronologiyalıq ha'm t.b. Bir-birin tolıqtıra otırıp olar ha'zir tas a'sirinin' da'wirlerin ha'm basqıshların belgili da'rejede onı sa'nelewge mumkinshilik beredi. Al bronza a'sirinen baslap alg'ashqı ja'miyetler menen qon'sılas jasag'an a'yemgi tsivilizatsiyalardın' estelikleri tiykarında kalendarlı sa'ne payda boladı.

Oykumenanın’ ko’pshilik bo’liminde to’mengi paleolit shama menen 100 mın’ jıl, orta paleolit - 45/ 40 mın’ jıl, son’g’ı paleolit 12-10 mın’, mezolit - 8 mın’ jıl, neolit 5 mın’ jıl burın tamamlanadı. Bronza a’siri b.e.sh. 1 mın’ jıllıqqa shekem dawam etti.

Arxeologiyalıq da’wirlestiriw pu’tkilley texnologiyalıq belgilerge negizlengen ha’m o’ndiris ku’shlerinin’ rawajlanıwı haqqında tolıq tu’sinik bere almaydı. Sog’an qaramastan onın’ islep shıg’ılıwı iri ilimiy jetiskenlik bolıp tabıladı. Sebebi arxeologiyalıq da’wirlestiriw miynet qurallarının’ rawajlananıwı haqqında ha’m sonın’ menen bir qatarda a’lbette, ja’miyetlik qatnasıqlardın’ rawajlanıwı haqqında mag’lıwmatlar alıwımızg’a mumkinshilik beredi.

Alg’ashqı ja’miyet tariyxının’ basqa bir arnawlı da’wirlestiriliwi dep gomoniyler sistematikasında o’z ko’rinisin tapqan antropologiyalıq da’wirlestiriwdi aytsaq boladı. Bul da’wirlestiriw boyınsha alg’ashqı ja’miyet tariyxı 3 basqıshqa: arxantroplar basqıshına, paleoantroplar basqıshına ha’m neantroplar basqıshına bo’lingen. XIX a’sirdin’ 70- jıllarında ataqlı Amerikalıq etnograf Lyus Genri Morgan ta’repinen alg’ashqı xojalıqtın’ rawajlanıw da’rejesine tiykarlang’an biraz jetilisken da’wirlestiriw islep shıg’ıldı. XVIII a’sirden ken’ qollanılıp kelingen tariyxıy protsessti jabayılıq, varvarlıq h’a’m tsivilizatsiyag’a bo’liwdi paydalana otırıp, Morgan alg’ashqı tariyxtın’ joqarıdag’ı atları aytılg’an da’wirlerinin’ ha’r qaysısın o’z gezeginde ja’ne de 3 basqıshqa bo’ledi. Bul basqıshlardı bo’liwde ol xojalıq ha’m materiallıq ma’deniyattın’ ayrıqsha belgilerine itibar beredi.

Ha’zirgi waqıtta ko’pshilik ilimpazlar Morgan da’wirlestiriwinen paydalanbaydı ha’m alg’ashqı ja’miyetti u’sh - to’rt basqıshqa bo’ledi: alg’ashqı adamzat padası da’wiri (urıwg’a shekemgi) urıwlıq ja’maat da’wiri, urıwlıq ja’maattın’ ıdıraw da’wiri.

**3. Sa’nelerdi anıqlawda ta’biyiy ilimlerdin’ ornı.** Ha’zirgi waqıtta a’yyemgi esteliklerdi absolyut ha’m shamalap sa’nelewdin’ 20 g’a jaqın ha’r tu’rli usılları bar, olardın’ arasında 10 aslamı absolyutlik sa’nelew usılları. Son’g’ılarına ha’zirgi waqıtta en’ a’hmiyetlileri: dendroxronologiyalıq, radiouglerodlıq, kaliy-argonlıq, arxeo-magnitlik ha’m termolyuminestsentlik usıllar.

Ko’rsetilgen usıllardan en’ anıg’ı ha’m jaqsıraq islep shıg’ılg’anı-bul **dendroxronologiyalıq usıl.** Ol bir jıllıq anıqlılıqqa iye sa’neni alıwg’a mu’mkinshilik beredi. Biraq ol tek son’g’ı bir neshe mın’ jıllıqlarg’a tiyisli estelikler ushın qollanıladı.

**Radiouglerodlıq usıl** son’g’ı 60-70 mın’ jıllar aralıg’ındag’ı esteliklerdin’ sa’nesin anıqlawda paydalanıladı. Tiri organizmde ha’m atmosferada radioaktivli uglerodtın’ (S-14) ko’lemi birdey boladı. Organizmnin’ o’liwi menen og’an uglerodtın’ tu’siwi toqtaydı. O’lgen organizmde (o’simlik yamasa haywan) radioaktivli uglerod bo’linip baslaydı. Onın’ bo’liniw da’wiri 5570 30 jılg’a ten’. Tabılg’an na’rse qansha go’ne bolsa onda uglerod sonsha az boladı. Arnawlı a’sbap onın’ qansha qalg’anın ha’m sol arqalı bunnan neshe jıl burın zat almasıw protsessi toqtag’anın anıqlaydı. Organikalıq qaldıqlardın’ jasın ha’zirgi ku’nde anıq sa’nelew mu’mkin (ku’ygen ag’ash su’yek qaldıqları h.t.b.)

**Kaliy-argonlıq usıl.** Kaliy (K 40) ha'm argonnın' (A 40) radioaktivlik izotoplarının' bo'liniw protsessinin' ayırmashılıqlarına tiykarlang'an. Ol S 14 ke qarag'anda og'ada a'sten bo'linedi, sol sebepli bul usıl adamzat tariyxındag'ı en' a'yyemgi ma'kan jaylardın' sa'nesin anıqlawg'a mu'mkinshilik beredi. Ma'selen, Olduvay tabılmaları kaliy-argonlıq usıl ja'rdeminde sa'nelendi eger radiouglerodlı analiz ha'mme organikalıq qaldıqlarg'a qollanılsa, al kaliy-argonlı usıl menen tek a'yyemgi su'yeklerdi sa'nelew mu'mkin.

**Paleomagnitli usıl.** Jerdin' geologiyalıq tariyxı dawamında kompastın' magnitli ko'rsetkishi o'zinin' bag'ıtın ko'p ma'rte o'zgertirip turg'an. Yag'nıy jerdin' polyusleri ayırım waqıtları o'zlerinin' ornın almastırıp turg'an. Bizler ha'zir kompas ko'rsetkishi arqa ta'repti ko'rsetip turg'an Bryunes da'wirinde jasap atırmız. Al kompas ko'rsetkishi qubla ta'repti ko'rsetip turg'an da'wir Matuyama dep ataladı. Biraq bul da'wirlerdin' ishinde polyusler o'zlerinin' ornın awıstırıp turg'an qısqa epizodlar ha'm bolg'an. Bryunes da'wirinde usınday bir neshe basqıshlar ajıratıladı (Ureki-300 mın' jıl burın; Bleyk-110 mın' jıl burın; Lashamp-bunnan 22 mın' jıl burın). Olar qatlamlardı a'dewir anıq sa'nelewge mu'mkinshilik beredi. Stratigrafiya ushın a'sirese Matuyama u'lken a'h'miyetke iye.

**Radiokarbonlı usıl.** Tiri organizmde ha'm atmosferada radioaktivli uglerod (S-14) tın' ko'lemi birdey boladı. Organizmnin' o'liwi menen og'an uglerodtın' tu'siwi toqtaydı. O'lgen organizmde (o'simlik yamasa h'aywan) radioaktivli uglerod bo'linip baslaydı. Onın' bo'liniw da'wiri 5570+30 jılg'a ten'. Tabılg'an na'rse qansha go'ne bolsa, onda uglerod sonsha az boladı. Arnawlı pribor onın' qansha qalg'anın ha'm sol arqalı bunnan neshe jıl burın zat almasıw protsessi toqtawın anıqlaydı. Organikalıq qaldıqlardın' jası ha'zirgi ku'nge anıq tabıladı ku'ygen ag'ash, su'yek qaldıqları).

**QADAGALAW TAPSIRMALARI:**

1. Alg'ashqi ja'miyet tariyxi pa'ninin' predmetin ham a'hmiyetin aship berin'

2. Alg'ashqi ja'miyet du'ziminin' tariyxıy da'wirlerin кo'rsetin'.

A) alg'ashqı pada, alg'ashqı ruw ja'ma'a'si, alg'ashqı qon'sıshılıq ja'ma'a'si

V) erte ruwlıq ja'ma'a't, son'g'ı ruw ja'ma'a'ti.

S) alg'ashqı pada, matriarxat, patriarxat

D) alg'ashqı ja'ma'a't, protodiyqan ja'ma'a'ti

3. Arxeologiyalıq da'wirlerdi ta'rtipli jaylastırın':

A) Eneolit
V) Paleolit
S) Mezolit
D) Neolit
E) Ilk temir

Juwaplar: 1) V, S, D, A, E 2) V, D, A, S,E 3) S, D, E, A, V

4. Adam evolyutsiyasi basqishlarin durıs ko'rsetin':

A. alg'ashqı pada:

V. alg'ashqı ja'ma'a't

## A'debiyatlar


1. Alekseev V.P., Pershits A.İ. İstoriya pervobıtnogo obshestva. M. Vısshaya shkola,1990.
2. Kosven O.M. İbtidoiy madaniyat tarixi ocherklari. T. O'zbekiston., 1960.
3. İstoriya pervobıtnogo obshestva. Obshie voprosı. Problemı antroposotsiogeneza. M.,Vısshaya shkola., 1983.


## Tema Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' tariyxtanıwlıg'ı

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu'ri: lektsiya

Tiykarg'ı sawallar:

1. A'yyemgi zamanda ha'm orta a'sirlerde alg'ashqı ja'miyet haqqındag'ı tu'sinikler.
2. Alg'ashqı ja'miyet tariyxı iliminin' payda bolıwı
3. XIX-a'sir aqırında XX-a'sirde alg'ashqı ja'miyet tariyxı iliminin' rawajlanıwı.

Tayanısh so'zler: mifologiya, Varvarlar du'nyası, antik avtorlar, Lukretsiya Kar, Plano Karpini, Vilgelm Rubruk, Marko Polo, Jan'a jerlerdin' ashılıw, Russo, Didro, Monteske, Volter, Kondorse, K.Yu.Tomsen, jabayılıq, nomadizm (ko'shpeli sharwashılıq) diyxanshılıq ha'm tsivilizatsiya, Dyusseldorf, Chjukoudyan

**MAQSETI:**

Alg'ashqı da'wir haqqındag'ı a'yyemgi ha'm orta a'sirler tu'siniklerin talqılaw, etnografiyalıq mag'lıwmatlardın' jıynalıwı haqqında tu'sinik beriw, alg'ashqı ja'miyet tariyxı pa'ninin' payda bolıwın aytıw, alg'ashqi ja'miyet tariyxi pa'ninin' rawajlanıw basqıshların ashıp beriw.

## IDENTIV OQIW MAQSETLERI:

1. Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' tariyx tanıwlıg'ı mag'lıwmatlarına iye bolıw.
2. Ullı geografiyalıq ashılıwlar da'wirinde alg'ashqı xalıqlar haqqında mag'lıwmatlardın' toplanıwına u'les qosqan sayaxatshılardı biledi.
3. XIX-a'sir aqırında XX-a'sirde alg'ashqı ja'miyet tariyxı iminin'rawajlanıwı haqqında bilimge iye bolıw.

### 1. A'yyemgi zamanda ha'm orta a'sirlerde alg'ashqı ja'miyet haqqındag'ı tu'sinikler.

Alg'ashqı ja'miyet tariyxı - tariyx iliminin' a'dewir jas tarawlarının' biri bolıp, ol XIX-a'sirdin' ekinshi yarımında payda boldı. Biraq bul burın adamlardın' adamzat tariyxının' baslang'ısh da'wiri haqqında tu'sinikke iye bolıw ushın ha'reket qılmag'anlıg'ın bildirmeydi. O'zinin' o'tmishine degen qızıg'ıwshılıq adamlarda og'ada erte payda boldı. Etnograflar ta'repinen izertlengen en' artta qalg'an xalıqlarda olardın' uzaq o'tmishi, ata-babalarının' qaharmanlıqları, urıw ha'm qa'wimlerdin' kelip shıg'ıwı haqqında an'ızlar saqlanıp qalg'anlıg'ı belgili. Qon'sı xalıqlardın' turmıs keshiriwin gu'zetiw, olardın' o'tmishine u'n'iliw, olardın' kelip shıg'ıwın biliwge ha'reket etiw de a'yyemgi zamanlarda payda bolg'an.

Klasslıq ja'miyettin' payda bolıwı menen adamlardın' en' a'yyemgi o'tmishi haqqındag'ı an'ızlar «jabayı o'tmish» yamasa «altın a'sir» haqqındag'ı miflerge aylanadı. Alg'ashqı ja'miyet tariyxı ilimının' tu'p-tiykarları da'slep grek ha'm rimliklerde payda bola baslaydı. Tariyx ele mifologiyadan ajıralmag'an bolsa da tariyxıy faktlerdi ta'rtipli tu'rde bayanlawdı biz birinshi ret antik da'wir avtorlarında ushıratamız. Olar ushın ma'deniyatli du'nya Jer orta ten'izi menen sheklengen, al onın' sırtında olar «varvarlar» dep atag'an xalıqlar makanlag'an u'lken ken'islik jatqan. Bul xalıqlardın' ko'pshiliginde alg'ashqı ja'miyetlik du'zim saqlang'an edi.

Varvarlar du'nyasın antik avtorlar jaqsı bilmegen, sayaxatshılardın' anda-sanda qılg'an saparları ha'm qısqa mu'ddetli u'stirtin baqlawları baratug'ın ko'rsetiwshilik ha'm fantastikag'a tolı boldı. Sog'an qaramastan alg'ashqı ja'miyet haqqındag'ı tu'sinikler sistemasın do'retiwde keyinirek belgili rol oynag'an qımbatlı baqlawlar usı antik da'wirde a'melge asırıldı. Gerodottag'ı (b.e.sh. 484-425 j.j.) skiflerdin' pigmenler ha'm basqa qa'wimlerdin', Ksenofonttag'ı (b.e.sh. 430-350 j.j.) Kishi Aziya xalıqlarının' ta'ripleniwi. Strabondag'ı (b.e.sh. 63-er 20 j.). Evropa ha'm Aziya xalıqları haqqındag'ı mag'lıwmatlar. Yu.Tsezardın' (b.e.sh. 100-44 j.j.) ha'm Tatsittin' (er 55-120 j.j.) germanlar haqqındag'ı xabarları usılar qatarına kiredi. Biraq olar bul mag'lıwmatlar ja'rdeminde grek ha'm rimliklerdin' o'zlerinin' o'tmishin biliw mu'mkinshiligi haqqında juwmaqqa kelmegen.

Solay bolsada Antikalıq filosoflar alg'ashqı ja'miyettin' ulıwma ko'rinisi haqqında tu'sinikke iye bolıwg'a ha'reket etken ha'm ayırım waqıtları olar tamasha boljamlardı aytqan. B.e.sh. I a'sirdin' birinshi yarımında jasag'an (b.e.sh. 99-55 j.j.)

filosof ha’m shayır Lukretsiya Kar o’zinin’ «Zatlar ta’biyatı haqqındag’ı» poyamasında qudaylardın’ qatnasıwısız du’nyanın’ payda bolıwı ko’rinisin su’yretlep beredi. Ol adamzattın’ jabayı jag’daydan tsivilizatsiyag’a shekem og’ada uzaq jıl basıp o’tkenligi haqqında geniallıq boljamdı ilgeri su’redi. Miynet qurallarıń jasawda paydalanılg’an material boyınsha Lukretsiya tariyxtı u’sh tas, mıs (bronza) ha’m temir a’sirine bo’ledi. Alg’ashqı tariyxtı da’wirlestiriwdin’ bul tiykarg’ı printsipi ha’zirgi ku’nge shekem saqlanıp qalg’an.

Orta a’sirlerde Evropada shirkew ha’m sxolastikanın’ ilimdi tunshıqtırıwg’a ha’reket etkeni belgili. Adamzattın’ kelip shıg’ıwı ma’selesi boyınsha Lukretsiya Kardın’ ideyası ornın Bibliyadag’ı adamnın’ quday ta’repinen jetinshi ku’ni do’retilgenligi haqqındag’ı xristianlıq doktrina iyeledi. Sonın’ menen birge usınday qıyın sharayatta jer ha’m onda jasap turg’an xalıqlar haqqındag’ı bilimler ken’eyip bardı. Usı bilimler keyinshelik alg’ashqı tariyxı izertlew deregi xızmetin atqardı.

Arablar Arqa muzlıq okeanı haqqında bilgen. Evropag’a Shıg’ıs Evropa, Sibir, Qıtay xalıqları haqqında mag’lıwmatlar jetip baradı. Bul mag’lıwmatlardın’ toplanıwında Shıg’ısqa sawda baylanısların ornatıw maqsetinde jiberilgen sayaxatshılardın’ (Plano Karpini, Vilgelm Rubruk, Marko Polo ha’m t.b.) roli ayrıqsha.

Evropada etnografiyalıq bilimlerdin’ jıynalıwındag’ı haqıyqıy to’nkeris XV a’sirdin’ aqırında baslanadı. Ullı geografiyalıq ashılıwlardan son’ okean artındag’ı ellerge sawdagerler ha’m basıp alıwshılardın’ ag’ılıp barıwları Evropag’a onlag’an ha’m ju’zlegen to’men rawajlang’an xalıqlar haqqında mag’lıwmatlar alıp keldi. Olar o’zlerinin’ sırtqı kelbeti, kiyimi, tili, dini, u’rp-a’detleri boyınsha bir-birinen a’sirese Evropa xalıqlarınan ku’shli ajıralıp turg’an.

Evropalıqlar «jabayılar» dın’ ja’miyetlik du’zilisine, olardın’ ayırımlarında sho’lkemlesken ha’kimiyattın’ jeke menshiktin’ joqlıg’ına itibar bergen.

Jan’a jerlerdin’ ashılıw XVIII a’sirdin’ aqırına shekem dawam etti, sonın’ menen birge alg’ashqı xalıqlar menen tanısıwshılıq ta a’ste-aqırın ken’eyip bardı. Djeyms Kuktın’ ataqlı sayaxatları (son’g’ıları 1776-1779 jılg’a tiyisli) Evropalıqlar ushın Okeaniya xalıqların ashtı. (Taktı. J.Zelandiyanın’ maori, Avstriyanın’ tuzem xalıqları) Aziyanı, a’sirese Hindistandı etnografiyalıq izertlew biraz alg’a jıljıdı. Tamasha ilimpaz-gumanist N.N.Mikluxo-Maklay (1846-1888 j.j.). Jan’a Gvineyanın’ papuasları arasına uzaq waqıt jasadı ha’m og’ada ilimiy a’hmiyetke iye material toplawg’a eristi.

Ullı geografiyalıq ashılıwlar da’wirinde ha’m onın’ keyingi a’sirlerde etnografiyalıq materiallardın’ tez jıynalıwı alg’ashqı ja’miyet ha’m onın’ rawajlanıwının’ ha’r tu’rli teoriyaların payda etti.

Jan’a Du’nya xalıqları haqqındag’ı mag’lıwmatlar pu’tkil adamzattın’ en’ a’yyemgi o’tmishi haqqında pikirlerdin’ payda bolıwına alıp keldi. Bul pikirdi da’liyllewge birinshi bolıp ha’reket etken frantsuz missioneri Jozef-Fransua Lafito boldı. (1670-1740). Ol uzaq waqıt irokezler ha’m guronlar turmısın gu’zetip barg’an. Onın’ «Amerika jabayılarının’ da’stu’rlerin alg’ashqı da’wir da’stu’rleri menen salıstırg’anda»(1724) dep atalg’an kitabında ko’plegen a’hmiyetli mag’lıwmatlar menen bir qatarda ol birinshi bolıp jan’a, salıstırmalı izertlew usılın qollanadı. Bul usıl keyin alg’ashqı ja’miyet haqqındag’ı ilimde u’lken rol oynaydı.

Salıstırıw usılı Georg Forster (1754-1794) ta'repinen de qollanıladı.

İlimiy pikirlew ha'reketindegi kelesi qa'dem adamzattın' du'nya ju'zilik tariyxıy rawajlanıwının' ulıwma sxemasın du'ziwge ha'reket etiw boldı. Bunda XVIII a'sir oyshılları Russo, Didro, Monteske, Volter, Kondorse ha'm t.b. a'dewir rol oynadı. Adamzattın' o'tmishi tariyxında ma'deniyat ha'm aqıldın' u'zliksiz progresin ko'rgen filosof-ag'artıwshılardan bul kontseptsiyası Jan Antuan Kondorsenin (1743-1794 j.j.) «Adamzat aqılı rawajlanıwının' tariyxın su'wretinin' eskuleri» kitabında anıq ko'rsetilgen. Onın' pikiri boyınsha progress-xojalıq rawajlanıwının' izbe-iz basqıshları: an'shılıq ha'm balıqshılıqtan sharwashılıqqa odan-diyxanshılıqqa o'tiw. Ha'r bir xojalıq da'wirleri belgili ja'miyetlik du'zim sa'ykes kelgen.

Shotlandiyalıq filosof Alem Fergyuson (1723-1816) «Grajdannın' ja'miyet tariyxı ta'jiriybesi» (1768) kitabında tariyxtı u'sh da'wirge: jabayılıq, varvarlıq ha'm tsivilizatsiyag'a bo'ledi.

Solay etip, XVIII a'sir aqırında alg'ashqı ja'miyette adamzat ma'deniyatının' bir tu'rde ha'm progressiv rawajlanıwı haqqındag'ı pikir ta'n alınadı. Biraq bul ele ilimiy boljaw tu'rinde bolıp, alg'ashqı tariyxtın' anıq faktlerin ha'm basqıshların anıqlaw mu'mkinshiligi joq edi.

**2. Alg'ashqı ja'miyet tariyxı iliminin' payda bolıwı.** Adamzattın' en' a'yyemgi o'tmishinin' real faktlerin alg'ashqı da'wir arxeologiyasının' rawajlanıwı na'tiyjesinde payda boldı. XIX a'sirde Evropa muzeylerinde alg'ashqı adamlardın' miynet quralları ha'm u'y buyımlarının' u'lken kollektsiyaları jıynaladı. Olardın' izertlew obektlerine aynalıwı ushın olardı klassifikatsiya qılıw kerek edi. Tabılmalardı birinshi bolıp daniyalıq arxeolog K.Yu.Tomsen klassifikatsiya qılıwg'a ha'reket etedi. Daniya arxeologi K.Yu.Tomsen (1778-1865) A'yyemgi esteliklerdin' tabılmaların materialına qarap u'sh toparg'a bo'ledi. Ken' arxeologiyalıq materiallarg'a tiykarlanıp ol Lukretsiya Kar da'wirinen belgili u'sh a'sir teoriyasının' durıslıg'ın ilimiy da'lillewge eristi. Ja'ne bir daniyalıq arxeolog Y.Ya.Vorso (1821-1885) qa'birlerdin' jerlew da'stu'ri boyınsha olarda tabılg'an zatlardın' salıstırmalı xronologiyasın anıqlaw usılın ashtı. Shvetsiya ilimpazı Sven Nilson 1838-1843 j.j. adamzat rawajlanıwının' ma'deniy-tariyxıy da'wirlestiriwin usındı. Ol 4 basqıshtı: jabayılıq, nomadizm (ko'shpeli sharwashılıq) diyxanshılıq ha'm tsivilizatsiyanı o'z ishine aladı.

Alg'ashqı arxeologiya jan'alıqları ha'm jetiskenlikleri qıyınshılıq penen ha'm a'ste-aqırın ta'n alındı. XIX a'sirdin' birinshi yarımındag'ı Jak Bushe de Pert ta'repinen qılıng'an ashılıwlar ayrıqsha a'h'miyetke iye. Ol ko'p sanlı tastan jasalg'an buyımlar jıynap, olardı alg'ashqı adamlardın' miynet qualları ekenligin da'liyllewge ha'reket etti. 1833-34 jj. P.Shmerling Belgiyada miynet qurallarının' u'yindisin mamont ha'm mu'yiz tumsıqlardın' su'yekleri menen bir tabadı. Usı jerde eki adamnın' bas su'yegi ha'm tabıladı. Bul tan'qalarlıq tabılmalar ilimpazlar ta'repinen dıqqat-itibarg'a iye bolmadı. Biraq XIX a' 50-jj. basında Frantsiyanın' Sent-Ashel qalasının' janındag'ı tabılg'an tas baltalar Bushe de Perttin' ashılımların tastıyıqladı.

**3. XIX-a'sir aqırında XX-a'sirde alg'ashqı ja'miyet tariyxı iminin'rawajlanıwı.**

XIX a'sirdin' ekinshi yarımı ha'm XX a'sirdin' basındag'ı antropologiyalıq tabılmalar, etnografiyalıq ha'm arxeologiyalıq ilimlerdin' tez pa't penen rawajlanıwı alg'ashqı ja'miyetti tariyxıy rekonstruktsiyalawg'a mu'mkinshilik berdi.

1856-j. Dyusseldorf janında neandertal adamı qaldıqları tabıldı. Nemis anatomı Gustav Shvalbe- neandertal adamın zamanago'y adam menen ha'r ta'repleme salıstırıp izertlep, onı alg'ashqı adam dep atawdı usınadı.

1890-1891 j.j. Yavada pitekantrop adamı qaldıqları tabıldı. Onı paleontolog Davidson Blek, keyinirek nemis anatomı Frants Vaydenrayx 1907-j. Geydelberg adamı tabıldı. 1924-jılı Qubla Afrikada Reymond Dart avstralopitek qaldıqları tawıp izertlendi. 1927 j. Qıtayda sinantrop qaldıqları tabıldı. XX a' 60- j. Chjukoudyan angl. Luis ha'm Meri Liki, keyin Robert Liki ta'repinen Keniyada (Rudolf) ko'p sanlı avstralopitekler qaldıqları tabıldı. Bul en' jan'a jetiskenlikler tek adam evolyutsiyası tariyxın a'dewir uzartıp qalmastan sonı menen qatar alg'ashqı ja'miyettin' teren' o'tmishke barıp taqalatug'ınlıg'ın ko'rsetti. Adamzat tariyxının' xronologiyalıq shegarasın bir-eki mln keyinge su'rdi.

**QADAGALAW TAPSIRMALARI:**

1. Antik grek ha'm rim tariyxshılarının' alg'ashqı ja'miyet haqqındag'ı кo'z-qarasların aytıp berin'.
2. Orta a'sirlerde alg'ashqı ja'miyet haqqında mag'lıwmatlardı toplawda ullı geografiyalıq ashılıwlardın' rolin ashıp berin'.
3. XX a'sirde alg'ashqı ja'miyet tariyxın u'yreniwge u'lкen u'les qosqan alımlar miynetlerin qısqasha ta'riyplen'.

## A'DEBİYaTLAR:


1. Pershits A.I., Mongayt A.M., Alekseev V.P. Istoriya pervobmtnogo obvshestva.- M.:Nauka, 1967.
2. Alekseev V.P. Stanovlenie chelovechestva.- M.:Visshaya shkola, 1984.
3. Istoriya pervobggnogo obshestva. Epoxa pervobitnoy rodovoy obvdini – M.:Nauka, 1988.


## O'zbetinshe islew ushın sawal ha'm tapsırmalar:

1. Alg'ashqı ja'miyet tariyxın u'yreniwde sotsiologiyalıq-etnografiyalıq teoriya wa'кilleri ha'm olardın' ta'liymatları.
2. Alg'ashqı ja'miyet haqqındag'ı neoevolyutsion teoriya mazmunı.

## Tema Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' derektanıwlıg'ı

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu'ri: leкtsiya

Tiyкarg'ı sawallar:

1. Arxeologiyalıq derekler
2. Etnografiyalıq derekler.
3. Antropologiyalıq ha'm t.b. derekler.

Tayanısh so'zler: Arxeologiya, etnografiya, antropologiya, lingvistiкa.

**MAQSETI:**

Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' derektanıwlıg'ı haqqında mag'lıwmat beriw, alg'ashqı ja'miyet tariyxın u'yreniwde dereкlerdin' a'hmiyetin tu'sindiriw, dereкlerge sıpatlama beriw.

**IDENTIV OQIW MAQSETLERI:**

1. Alg'ashqı ja'miyet tariyxının' derektanıwlıg'ı mag'lıwmatlarına iye bolıw.
2. Alg'ashqı ja'miyet tariyxın u'yreniwde dereкlerden paydalanıw.

**1. Arxeologiyalıq derekler.** Alg'ashqı ja'miyettin' derektanıwlıq bazası o'zinin' ayırmashılıqlarına iye, sol sebepli onı qayta tiklew tariyx iliminin' en' qıyın tarawı esaplanadı. Alg'ashqı tariyxtın' bir qatar mashqalaları boyınsha derekler jetkilikli emes yamasa bir-birine qayshı keledi. Dereklerdi ha'r tu'rli tu'sindiriwler ilimpazlardın' ko'z-qaraslarının' tu'rli bolıwına, tartıslarg'a alıp keledi.

Alg'ashqı ja'miyet izertlewshileri tiykarınan jazba emes dereklerge iye. Olardı izlep tawıp izertlewshi ilim tarawları boyınsha derekler arxeologiyalıq, etnografiyalıq, antropologiyalıq, lingvistikalıq,paleobotanikalıq, paleozoologiyalıq, paleoklimatologiyalıq ha'm t.b. tu'rlerge bo'linedi. Olardın' arasında arxeologiyalıq ha'm etnografiyalıq derekler ko'birek a'hmiyetke iye. Ja'miyetlik qatnasıqlar tiykarınan etnografiyalıq derekler ja'rdeminde qayta tiklenedi. Antropologiyalıq mag'lıwmatlar antropogenez ha'm rasogenez barısın ko'rsetiwge mu'mkinshilik beredi.

Arxeologiyalıq dereklerge miynet quralları, olar ja'rdeminde do'retilgen qurılıslar, u'y-buyımları, tag'ınshaqlar, o'ner buyımları ha'm t.b. zatlay estelikler kiredi, anıq mag'lıwmatlar beredi. Biraq olardın' ha'mmesi ten' da'rejede saqlanbag'an. Organikalıq emes buyımlar (tas, gu'lal). Jaqsıraq saqlanadı. Olardı derek da'rejesine ko'teriw arxeolog ha'm basqa qa'nigelerge baylanıslı. Bul derekler tiykarının' ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıw da'rejesin, onın'

bag'darın qayta tiklewge mu'mkinshilik beredi.

Arxeologiyalıq materiallardın' tipologiyalıq salıstırılıwı ha'm stratigrafiyalıq jaylastırıwına tiykarlanıp erte tu'rler son'g'ılarınan ajıratıp, olardın' o'zgerislerinin' xronologiyalıq izbe-izliligi anıqlanadı ha'm na'tiyjede ma'deniyattın' sırtqı ko'rinislerinin' o'zgerip barıwın anıqlaw mu'mkinshiligi payda boladı. Arxeologiyalıq dereklerge tek zatlar emes, sonın' menen qatar elatlar, turaq jaylar, qa'birler, ustaxanalar, u'n'girler, kanallar ha'm t.b. kiredi. Olar arxeologiyalıq estelikler dep ataladı.

**Ta'biyiy ilimler** dereklerinen paydalanıw alg'ashqı ja'miyet tariyxının' biliw mu'mkinshiliklerin aytarlıqtay ken'eytirdi. Ha'zirgi ku'nde ha'r tu'rli materiallar-tas, ko'mir, topıraq, gu'lal, shiyshe, boyaw, metallar, ag'ash, da'n, mata, su'yek, shah, baqanshaq, teri, shash, ju'n ha'm t.b. ta'biyiy-ilimiy analiz qılınadı. Alıng'an mag'lıwmatlar a'yyemgi ıqlımdı,landshafttı, fauna ha'm floranın' tarqalıw shegarasın ha'm olardın' adam ha'm ta'biyat ta'sirinde o'zgerip barıwın anıqlawda paydalanıladı. Diyxanshılıq ha'm sharwashılıqtın' kelip shıg'ıwı ha'm rawajlanıwı ma'selesin jarıtıwda ta'biyiy-ilimiy dereklerden ken' paydalanıladı. Bunnan tısqarı shiykizattın' kelip-shıg'ıw deregin, onı tabıw ha'm jetkiziw usılların, buyımlardı islep shıg'ıw texnologiyasın anıqlawda ta'biyiy-ilimler usılları u'lken rol atqaradı. Ta'biyiy-ilimiy usılları a'sirese a'yyemgi esteliklerdin' absolyut ha'm ta'hminiy sa'nesin anıqlawda ken' paydalanıladı.

**2. Etnografiyalıq derekler.** Etnografiya ilimi xalıqlardın' ma'deniyatı ha'm turmıs - ta'rizin, sotsiallıq institutları ha'm ja'miyetlik du'zimin izertleydi. Rawajlanıwdın' tu'rli basqıshlarında turg'an artta qalg'an xalıqlardın' ma'deniyatı alg'ashqı ja'miyet tariyxın rekonstruktsiyalawda tiykarg'ı dereklerdin' biri sıpatında esaplanadı. Alg'ashqı adamlar ja'maatındag'ı ja'miyetlik qatnasıqlar ha'm sotsiallıq du'zimnin' ko'plegen ta'repleri tek etnografiyalıq derekler boyınsha g'ana belgili. Ma'selen, neke ha'm shan'araq, tuwısqanlıq baylanıslar, urıwlıq basqarıw sho'lkemi ha'm t.b. Bul jerde baslı wazıypa olardı alg'ashqı tariyxtın' belgili bir basqıshı menen xronologiyalıq jaqtan baylanıstırıwdan ibarat. Biraq etnografiyalıq dereklerdin' mag'lıwmat beriw imkaniyatı sheklengen.

**3. Lingvistikalıq derekler.** O'tmish haqqında tu'sinikke iye bolıwda lingvistikalıq mag'lıwmatlar a'hmiyetli derek xızmetin atqaradı. Ha'mme zamanago'y tiller ja'miyettin'rawajlanıwına qarap qa'liplesken ha'm ayırım jag'daylarda og'ada uzaq o'tmishtin' izlerin saqlap qalg'an. Ja'miyettin' rawajlanıwına baylanıslı so'zdin' mag'anası o'zgerip barg'an. Lingvistler ha'r bir til semyasının' basqa til toparları menen sırtqı baylanısların anıqlaydı ha'm olar arqalı tu'pkilikli leksika birligin qabıl qılıp alıng'an leksikadan ajıratıp aladı. Til toparlarının' da'slepki watanın anıqlaw boyınsha u'lken lingvistikalıq izertlewler a'melge asırılg'an.

## Tema Adamnın' payda boliwi ha'm evolyutsiyasi

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu'ri: leкtsiya

Tiyкarg'ı sawallar:

1. **Adamnın' ta'biyattag'ı ornı.**
2. **Antronogenez protsessin jıljıtıwshı ku'shler.**
3. **Erte gominiyler.**
4. **Adamzattın' rawajlanıwında neondertal adamnın' ornı.**

Tayanısh so'zler: Driopitek, avstralopitek, zinjantrop, pitekantrop, sinantrop, neandertal, kromanon, Teshiktosh, Selung'ur, Fergantrop.

Oqıtıwshının' maqseti:

Adamzattın'payda bolıwı ma'selesindegi ila'hiy ha'm ilimiy bag'darlardı кo'rsetiw. Bul piкirlerdin' rawajlanıw barısın tu'sindiriw. İlimiy a'debiyatlarda adamzattın'payda bolıwı ma'selesinde alıp barılg'an izertlewler protsesi basqıshların ashıp beriw.

Identiv oqıw maqsetleri:

1.1. Adamzattın'payda bolıwı ma'selesindegi ila'hiy ha'm ilimiy bag'darlardı ajıratadı.

1.2. Bul piкirlerdin' rawajlanıw barısın an'laydı.

1.3. İlimiy a'debiyatlarda adamzattın'payda bolıwı ma'selesinde alıp barılg'an izertlewler protsesi basqıshların talqılaydı.

1. Antropogenez mashqalası antropogenezdin' tiykarg'ı basqıshları, adamnın' tikkeley ata-babaları, alg'ashqı adamlardın' payda bolg'an waqtı, antropogenezdin' jıljıtıwshı ku'shleri, oyanıw qa'bileti ha'm tildin' rawajlanıwı, adamzattın' watanı sıyaqlı ma'selelerdi o'z ishine aladı. Bul ma'seleler ko'plegen ilimler-paleoantropologiya, morfologiya, primatologiya, geologiya, arxeologiya, etnografiya, lingvistika ha'm t.basqalardın' mag'lıwmatlarına tiykarlanıp sheshiledi.

Ko'pshilik ilimpazlar antropogenez protsessinde 3 basqıshtı ajıratadı:

1. en' a'yyemgi adamlar - arxantroplar;
2. A'yyemgi adamlar - paleontroplar;
3. zamanago'y adamlar - neoantroplar

Ayırım ilimpazlar ayrıqsha avstralogpitekler basqıshın ajıratadı. Adamnın' rawajlanıwındag'ı birinshi basqıshtan burın joqarı maymıllardın' yamasa antropoid maymıllardın' ha'r tu'rdi jıldam evolyutsiyası ju'z beredi. Antropoidlar shejiresi Egipette tabılg'an parapitekten ha'm onın' en' jaqın a'wladı propliopitekten baslanadı. Son'g'ısınan eki shaqa payda boladı: pliopitek h'a'm

sivapitek. Pliopitekten ha’zirgi zamang’ı gibbonlap, al sivapitekten orangutanglar kelip shıg’adı. Propliopitekten baslang’an u’shinshi, a’dewir prgressiv, shaqa adamnın’ ha’m ha’zirgi zamandag’ı gorilla ha’m shimpanzenin’ ulıwma a’jdadı bolg’an driopitektin’ kelip shıg’ıw alıp keldi. Driopitekler Evropa, Aziya h’a’m Afrikada son’g’ı u’shlik da’wirde jasag’an. Driopitekler ushın azıw tislerinin’ olardın’ aralarındag’ı boslıqtın’ kishireyiwi ta’n bolıp, bul belgiler olardı primatlardan ajıratadı h’a’m adamg’a jaqınlatadı. O’zinin’ quramı boyınsha driopitekler bir tekles bolmag’an. Driopiteklerdin’ ayırım tu’rlerinin’ rawajlanıwı ha’zirgi gorilla ha’m shimpanzenin’ payda bolıwına alıp keldi, basqa prgressiv tu’rlerinin’ rawajlanıwı adamg’a aylanıw jolı menen baradı.Driopiteklerdin’ progressiv tarmag’ınan Hindistannın’ arqa bo’liminde tabılg’an ramapitek rawajlanadı. Ol driopiteklerge qarag’anda adamg’a a’dewir jaqın. Ramapitektin’ ko’rinisi haywang’a qarag’anda birar adamg’a uqsap ketken, qaptal tisleri basqa tislerden ajıralıp ilgeri shıg’ıp turg’an joq.

Ta’biyattag’ı adamnın’ ornı haqqında ma’sele, Karl Linney onı h’aywanat du’nyasının’ sistemasına engizgen ha’m adam menen maymıllardı bir qosıp, su’t emiziwshilerdin’ arasınan priamatlardı ajıratıp alg’an waqıtta, XVIII a’sirdin’ ortasında tun’g’ısh ret ilimiy tiykarg’a qoyıldı.

Maymıllardın’ sistematikası ha’m salıstırmalı anatomiyası boyınsha ken’ izertlewler, sonın’ menen qatar XVIII a’sirdin’ ekinshi yarımı -XIX a’sirdin’ birinshi yarımında adam anatomiyası boyınsha ju’rgizilgen jumıslar Tomas Gekslige adamnın’ adam ta’rizli maymıllar menen ju’da’ jaqın tuwısqanlıg’ın anıqlawg’a mu’mkinshilik berdi. Antropogenez tarawındag’ı bilimlerdin’ barlıq qorın ja’mlestirigen ha’m evlyutsiyalıq teoriyanın’ negizi qag’ıydaların adamg’a qollanıwg’a ha’reket etken Charlz Darvinnin’ “Adamnın’ kelip shıg’ıwı ha’m jınıslıq irikleniw” (1871 j) degen kitabında adamnın’ haywanatlar du’nyasınan shıqqanlıg’ın tolıq da’liyllep zamanago’y antronologiyanın’ baslı tiregine aylandı. XIX a’sirdin’ aqırı ha’m XX a’sirdegi ko’p sanlı izertlewler bunı tolıqtırıp adam evlyutsiyasının’ jolların qayta tiklewge mu’mkinshilik berdi. Bul boyınsha ha’zirgi ku’nde 70 den aslam ma’ka’n jaylardan tabılg’an qazılma adamlardın’ ayrıqsha a’hmiyeti bar.

Primatlardın’ ulıwma ta’n alıng’an klassifikatsiyası joq. Tu’rli sxemalar ajıratılg’an tu’rlerdin’ sanı boyınsha g’ana emes, sonın’ menen qatar olardı toparlastırıw boyınsha da bir-birinen parq qıladı. Biraq barlıq klassifikatsiyalarda ayrıqsha tu’r sıpatında antropomorflı maymıllar bo’linedi. O’z waqtında Ch.Darvin bulardı adamnın’ en’ jaqın tuwısqanları dep qaray otırıp,maymıllardın’ ha’zirgi zaman wa’killerinin’ birde-biri adamnın’ ata-babası sıpatında qaralıwı mu’mkin emesligin atap ko’rsetken edi.

Zamanago’y ko’z-qaraslar onın’ pikirine tiykarlanadı.

Primatlar otryadının’ barlıq klassifikatsiyasında antropomorflı maymıllar menen birge usı zamng’ı adam menen onın’ en’ jaqın ata-babaların birlestirgen gominiyler semyası ajıratıladı.

Bul semya lardın’ barlıq wa’killeri ushın, o’z qurılısının’ ku’ndelikli ta’reiinen basqa primatlardin’ miyinen ha’mde qayda ko’p artıp tu’setug’ın u’lken miy, denenin’ du’ziliwine tu’sken jag’dayı menen eki ayaq penen tik ju’riw, og’ada

qozg'alg'ısh ha'm barlıq qalg'anlarına qarama-qarsı keletug'ın ku'shli u'lken barmaqtı na'zik qıymıl jag'dayg'a qa'bletli, qol su'yegi ta'n bolıp keledi. Belgili rus geologı A.P.Pavlov to'rtlik da'wir ushın ”antropogen” atawın usındı. Al, ko'rnekli naturalist-geologı geoximik ja'ne biolog V.I. Vernadskiy jer tariyxında adam kelip-shıg'ıwının' tirishilik etken waqtın ayrıqsha erag'a bo'liw kerek-dep esapladı, ol bunı ”psixozoysk erosı” dep atadı.

Gominidler semyalarının' quramın tu'rli izertlewshiler ha'r tu'rli anıqlaydı.

Homo tegi sheginde a'dette eki tu'r ha'zirgi tu'rdin' adamı yamasa parasatlı adam, Homo sapiens ha'm qazılmalardın' bir tu'rine biriktiriletug'ın qazılma oljalar yamasa turpayı adam, Homo primigenius bolıp bo'linedi. Ha'zirgi da'wirdegi adam primatlar otryadı gominidler semyalıg'ına jatatug'ın Homo tekli tu'rin quraydı.

Adamnın'kelip shıg'ıwı protsessinde biologiyalıq nızamlıqlardı tarata otırıp, Davrin jınıslıq surıptawg'a barınsha u'lken kewil bo'ldi. Onın' teoriyasına sa'ykes primatlar menen salıstırg'anda, adamnın' fizikalıq sa'ykeslesiw o'zgesheligi mınaday belgili bir o'zgeshelikleri bar individuumlardı ha'yallardin' tan'lap alıwı boyınsha quralg'an morfologiyalıq o'zgeshiliklerdin' bolıwında edi, bul ko'beyip, o'tiw protsessinde tosqınlıq aldı. Anag'urlım ko'p urpaq qaldırdı.

Ha'zirgi waqıtta a'yyemgi du'nyanın' ha'r tu'rli oblastlarında u'shlik da'wirdin' aqırındag'ı qazılıp tabılg'an adam ta'rizli maymıllardın' tabılmaları og'ada ko'plep belgili bolıp otır. Adamg'a en' jaqını driopitekti maymıllar toparı bolıp shıqtı. Batıs Evropanın', Afrika menen Aziyanın' ha'r tu'rli oblastlarının' keyingi u'shlik ta'repinde driopitektin' qaldıg'ı tıbıldı. Bulardın' arasında, olardı anag'urlım joqarı rettegi sistematikalıq kategoriyag'a shog'ın semya toparı menen semya toparına biriktiriwge mu'mkinshilik beretug'ın, qalayda, morfologiyalıq o'zgeshelikti ayqın ko'rsetetug'ın birneshe tu'rlerdi bo'lip alıwg'a boladı. Driopikler ortasha ko'lemi boyınsha usı zamang'ı pavianlar menen shimpanzeni eske tu'siretug'ın primotlar bolıp keledi.

Onın' sistematikalıq jag'dayın anıqlaw ushın, pu'tkil toptın' o'zine ta'n morfologiyalıq belgilerinen soylaq tisleri diostemalardın' soylaq tis penen tis araları aralıqlarının' biraz kishewiwinen ma'nilirek dep esaplawg'a boladı. Gominid semyalıg'ının' tikkeley arg'ı tekleri tuwralı belgili(sheshiwshi) tu'sinikti jasaw ushın qubla Afrikadag'ı tolıp atırg'an ja'ne jaqsı saqlang'an oljalardın' zor ma'nisi bar, bunın' alg'ashqı a'wladı 1924-jılı jasalg'an edi. Usı waqıtqa deyin qubla Afrikada antropomorflı maymıllardın' 5 tu'ri qazıp izertlendi. Bular u'sh tekti avstralopiteklerdi, parantroplardı ha'm pleziantroplardı biriktiredi ha'm avstrolopiteklerdin' semya yamasa semyalıg'ına bo'linedi. Olar sira', boyı jag'ınan, driopitekliuk maymıllardan aynımaydı, biraq miynin' birshama iriligimenen (550-600 sm kub) ha'm eki ayaqlı lokomotsiyası menen, yag'nıy artqı ayaqları menen ju'riwi arqalı ajıratılg'an .

Son'g'ı o'zgesheligi ashıq jerde tirishilikke biyimlesiwshiligi bolıp tabıladı.

Avtralopiteklik maymıllar menen birge tabılg'an faunanı izertlew olar jırtqishlıq o'mir su'rgenin ja'ne haywanatlardı awlag'ının ko'rsetedi. Sonın' menen astraloliteklerdi izertlew adamnın' qa'liplesiwinde go'shli tamaqlardın' u'lken roli tuwralı F.Engelstin' pikirin quwatlaydı. Avstralopitek maymıllardın' qurallardı paydalanıwı tuwralı ma'sele ayrıqsha qoyıladı. Son'g'ı jılları ju'rgizilgen

avstralopiteklerdin’ geologiyalıq jasın anıqlaw olardın’ da’wirin to’mengi pleystotsen dep waqıtın shamalawg’a mu’mkinshilik beredi. Olduvoy tawlarının’ erte to’rtlik qabatlarında(Tanzaniya) 1959 j. tosattan ma’nili olja tabıldı. Primattın’ ”zind jantrop” dep at tag’ılg’an usılda tabılg’an bas su’yegi, zindjantrop tuwralı jetkilikli belgili bir ug’ım qurıwg’a mu’mkinshilik beredi. Ol gorillanın’ qurılısındag’ı uqsaslıqtı o’zine ta’n geybir uqsaslıqları menen bar belgileri menen o’zgeshe etedi, biraq ekinshi jag’ınan eki ayag’ı menen ju’retug’ın u’lken miyi ha’m tis sistemasının’ morfologiyasında adamlıq o’zgeshelikleri bolg’an. Zindjantroptın’ jası shama menen
1,5 mln. jıl bolıp anıqlandı. Sonın’ menen gominidlıq dinnin’ negizi morfologiyalıq o’zegeshelikleri a’yyemgi zamang’a ketedi. Zindjantrop penen birge tabılg’an tas industriya belgisiz formadag’ı do’geregi qırshılg’an qurallardan turadı. Biraq bulardın’ zindjantropqa tiyisli ekenligi ba’rqulla dawlı-tartıslı bolıp tur.

1950-jıldın’ aqırında zindjontrop qaldıqlarının’ sol bir geologiyalıq qabatlarında basqa tirishilik iyesinin’ qaldıqları tabıldı. Bunnan bizge jetip kelgeni bas su’yekleri, to’mengi jaq su’yek, taban menen qol basının’ su’yekleri boladı. Taban su’yeginin’ morfologiyasın tallaw, bul tirishilik iyesi tik jag’dayda ju’rip-turg’anın, yag’nıy avstrolopitekler sıyaqlı yamasa ayaqlı trishilik iyesi bolg’anın ko’rsetedi. Onın’ qol basının’ su’yekleri menen bug’anaları usı zamang’ı adamnın’ bug’anası menen qol basına uqsas bolg’an. Biraq bas su’yek qabının’ sıyımlılıg’ın anıqlaw na’tiyjesinde basqasha qızıqlı edi. Sonın’ menen bul tirishilik iyesin adam ot payda bolıwının’ tikkeley bostawında turg’an dep qarawg’a boladı. Bul tirishilik iyesinin’ qaldıqların sıptalap jazg’an izertlewshi F.Tobayas bunı sheber adam, dep atawı usındı.

1890-1891-jılları konkret sheshimge iye boldı. Bas su’yeginin’ qaqpag’ı menen to’mengi ayaqlarının’ uzın su’yekleri tabıldı. Olardı izertlew negizinde sol tiyisli bolg’an tirishilik iyesi tik jag’daylarda ju’rip turg’an degen juwmaq jasaldı. Sonlıqtanda ”tik ju’retug’ın maymıl adam” degen at tag’ıldı. Pitekantrop qaldıqları ashılg’annan keyin, birden-aq bulardın’ aynalasında daw-ja’njeller tuwıldı. Bas su’yek qaqpag’ı orag’an u’lken gibbong’a, usı (waqıttag’ı adamg’a tiyisli ja’ne) zamang’ı mikrotsefalg’a, sol waqıttag’ı adamg’a tiyisli ja’ne o’lgennen keyingi deformatsiya ta’sirinen o’zine ta’n o’zgesheliklerge iye bolg’an degen t.b. ko’z-qaraslar aytılg’an.

Erte pleystotsen da’wiri adamı qaldıqlarının’ ekinshi tamasha oljası arqa Afrikada 1954-1955-jılları tabılg’an. Tek u’sh individuumg’a tiyisli bolg’an, tolıq saqlanbag’an to’mengi jaq su’yekleri g’ana tabıldı. Bular awıspag’an tu’rinde ja’ne qurallar menen birge jatqan.

Avstropolitek maymıllar menen birge qubla Afrika qabatlarınan 1949-jılı tabılg’an to’mengi jaq su’yek sol bir geologiyalıq zamang’a jatadı.

Atlantrop penen birge tabılg’an tas qurallar u’lken ko’lemli, o’ndiriliwi turpayı ha’m formaları turaqsız bolıp keledi. En’ go’ne qolaylı ın’g’aylanıp jasalg’an tas qurallar birneshe iri bir ushlarında oyıqları bar tesilgen galka taslar ha’mde usınday galka taslardan opırılg’an sınıqlar boldı. Usınday qurallar bolıp keletug’ın arxeologiyalıq ma’deniyat galka taslar ma’deniyatı degen at aldı bul

shellge deyingi da'wirge jatadı. Bunday qurallar Batıs Penjobta, Qıtayda, Afrika materiginin' tu'rli oblastlarında tabılg'an. En' ko'birek belgili bolg'an ma'kan jay Shıg'ıs Afrikadag'ı Olduvoy boyında bunda shetleri sıng'an galka taslar paleolittin' tu'rli waqıtlarının' tas qural qaldıqları bar qat-qabatlı esteliklerinin' en' to'mengi qabatı bolıp keledi.Galka taslar ma'deniyatı Evropada tolıg'ı menen joq.

Og'ada go'ne gominidtin' morfologiyalıq tilinin' evolyutsiyasın tu'siniw ushın 1927-jıldan baslap, arqa Qıtayda Pekinge tayaw Chjaukouden u'n'girlerinde ju'da' jaqsı jan'alıqlar ashıldı. bunda tabılg'an en' go'ne an'shılar lagerinin' qazbası orasan u'lken arxeologiyalıq materialg'a qol jetkizdi, bul 40 tan aslam individuumlar er adamlardın', hayallar menen balalardın' su'yek qaldıqları edi. Sonday-aq o'zinin' morfologiyalıq gewdesi jag'ınan da pitekantropqa qarag'anda bul adamlar usı da'wirgi adamg'a jaqın keliwi jolında biraz joqarı alg'a basqan bolıp shıqtı.

Olar pitekontropqa qarag'anda anag'urlım keyingi da'wirge-orta pleystotsenge jatadı. Pitekkontrop sıyaqlı sinantrop orta boylı ja'ne denesi mıg'ım bolıp kelgen tirishilik iyesi edi. Miyinin' ko'lemi pitekantrop miyninin' ko'leminen asıp tu'setug'ın ja'ne tu'rli individuumlarda 900 den 1200 sm kub arasında bolıp, ortasha 1050 sm kub boldı. Onın' son'g'ı waqıtın qospay orta pleystotsennin' ayag'ına ja'ne joqarı pleystotsenge jan'a g'ana sıpatlanıp jazılg'an menen adamnın' usı da'wirgi tu'rinin' ortasındag'ı aralıq jag'dayı alıp jatırg'an formalar jatadı. Neandertollıqlardın' miyinin'rawajlanıwı ha'zirgi zaman adamlarının' miyine jaqınlap keledi. onın' ko'lemi tu'rli formalarda 1200 smden 1600 sm kubke deyingi aralıqtı quraydı. Sonın' menen geybir neandertallıq formalarda, miydin' ko'lemi ortasha alg'anda usı zamang'ı adamlardikinen u'lken bolg'an.

Aziya menen Afrikadag'ı muster da'wiri a'dewir to'men izertlengen. Erte ha'm orta pleystotsen ushın ta'n bolıp keletug'ın erte poleometlik texnika rawajlanıwı jollarının' ha'r tu'rliligi muster da'wirinde tolıq bir qolaylılıq penen awısama eken Biraq, Evropalıq musterge sinxrondı Afrikalıq h'a'm Aziyalıq ma'deniyatlarının' tolıq sıpatlaması a'sirge mu'mkin emes.

## QADAG'ALAW TAPSIRMALAR:

1. Adamzattın' payda bolıwı ma'selesindegi bu'gingi кu'ndegi bar bolg'an bag'darlar, bul...

2. Adamzattın' en' joqarı tiptegi maymıl ta'rizli ata-babaları menen baylanıslılıg'ı haqqındag'ı ilimiy ideya avtorı:

A. Lyuchilo Vanini
V. Karl Linney.
S. Jeym Monbadtsa.
D. CH.Darvin.
E. Joqarıdag'ılardın' ha'mmesi.

3. İzbe-izlikti anıqlan'.

1. pitekantrop
2. zinjantrop
3. avstralopitek
4. sinantrop
5. driopitek
6. neandertal
7. kroman'on

A. 1,2,3,4,5,6,7,
V. 3,2,1,4,5,6,7,
S. 2,3,1,5,6,4,7.
D.5,3,2,1.4,6,7
E. 4,3,2,1,5,6,7,

4. Artıg'ın anıqlan'?

- Zinjantrop
- Sinantrop
- Avstralopitek
- Orangutang
- Pitekantrop

5. O'zgeshelik ta'replerin ko'rsetin'. driopitek avstralopitek zinjantrop pitekantrop sinantrop neandertal kroman'on

1. jasag'an da'wiri atı

A. 40-12 mın' jıl aldın maymıl

V. 500-600 mın' jıl aldın maymıl

S. 100-40 mın' jıl aldın ju'riw maymıl

D. 1,5-2 mın' jıl aldın adamı

E. 1 mln jıl aldın

J. 5-12 mln jıl aldın

Z. 3-4 mln jıl aldın

2. Bas su'yegi ko'lemi

A) 1300-1400 sm kub.
V) 1100-1200 sm kub
S) 1590 sm kub
D) 700 sm kub
E) 600-680 sm kub.
J. 900 sm kub
Z. 800 sm kub

## Tema Adam ja'miyetinin' payda bolıwı

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu'ri: leкtsiya

Tiyкarg'ı sawallar:

1. Alg'ashqı adamlar padası da'wiri
2. Alg'ashqı pada ja'ma'a'tinde miynet, neкelik qatnasıqlar.
3. Oylaw menen so'zdin' kelip shıg'ıwı.

Tayanısh so'zler: Alg'ashqı pada, alg'ashqı ja'miyet du'zimi, da'wirlestiriw, an'shılıq, terimshilik, miynet rawajlanıwı, matriarxat, Oylaw menen so'z.

Oqıtıwshının' maqseti:

Alg'ashqı adamlar padası haqqında tu'sinik beriw, alg'ashqı padanın' rawajlanıwında an'shılıqtın' ornın кo'rsetiw, alg'ashqı ja'ma'a't payda bolıwı haqqında tu'sinik payda etiw. Alg'ashqı padada miynettin' rolin tu'sindiriw, neкe qatnasıqların ta'riyplep beriw, alg'ashqı neкe tu'sinigin ta'riyplew.

Identiv oqıw maqsetleri:

1.1. Alg'ashqı adamlar padasın ta'riypleydi.

1.2. An'shılıqtın' a'hmiyetin anıqlaydı.

1.3. Alg'ashqı padanın' alg'ashqı ja'ma'a'tкe aylanıw belgilerin ta'riypleydi.

1.4. Alg'ashqı padada miynettin' rolin tu'sindiredi.

1.5. Qanlas-tuwısqanlıq semya haqqında tu'sinikкe iye boladı.

Adam ja'miyetinin' baslang'ısh da'wirin rekonstruktsiyalawdı alg'ashqı tariyxtın' en' qıyın mashqalası dep aytsaq qa'te bolmaydı. Salıstırıw ushın etnografiyalıq materiallardın' joqlıg'ı sebepli, ol h'aqqında tek tikkeley emes mag'lıwmatlar tiykarında boljam qılıw imkaniyatına iyemiz. Bul bir ta'repten maymıllardın' padalıq qarım-qatnasları h'aqqındag'ı bilimlerimiz bolsa, ekinshi ta'repten arxeologiya h'a'm antropologiyanın' ayırım faktleri sonday-aq adamzattın' og'ada ertedegi (urıwlıq dizimge shekemgi) turmısının' qaldıqları retinde qaralatug'ın etnografiyalıq faktler. Bul mag'lıwmatlardın' ba'rshesin salıstırıw h'a'm analizlew sol da'wirdin' ja'miyetlik o'miri h'aqqında ulıwma (ko'p ta'repten gipotezalıq tu'rde bolsa da) tu'sinik qurawg'a mu'mkinshilik beredi. Biraq onın' ko'pshilik ta'repleri anıq emes h'a'm logikalıq boljam tu'rinde,

ko'plegen ma'seleler boyınsha ele ilimiy tartıslar bar.

Aytıp o'tkenimizdey, ja'miyettin' baslang'ısh da'wiri ilimde alg'ashqı adamlar padası da'wiri dep ataladı. Bul da'wir adamnın' h'aywanat du'nyasınan ajıralıp shıg'ıwı menen, baslanadı. Miynet qılıwdın' payda bolıwı menen adamnın' tek ta'biyatqa qatnası o'zgerip qoymastan, olardın' o'z-ara qatnasları da o'zgeredi. Demek, alg'ashqı pada da'wirinin' bası qoldan jasalg'an miynet qurallarının' payda bolıwına sa'ykes keledi. Aytıp o'tilgenindey avstralopitekler ag'ash h'a'm su'yek quralları menen birge tas qurallardan ha'm paydalang'an. Olar, dushpanlardan qorg'anıp taslardı ılaqtırg'an bolıwı mu'mkin. Olardan, a'lbette, an'shılıqta, h'aywan terisin sonday-aq shılıp alıwda, go'shti kesiwde, su'yekti jarıwda paydalang'an bolıwı mu'mkin. Terini shılıw h'a'm go'shti kesiw ushın, ju'zi o'tkir taslar kerek ekenligi belgili. Bunday taslardı tabıw an'sat bolmag'an.

Biraq bir tastın' ekinshi tasqa urılıwı na'tiyjesinde miynet quralları sıpatında paydalanıwg'a jaramlı sınıqlar payda boladı. Eger da'slep bul tosattan abaysızda ju'z berse, keyin ta'jiriybenin' jıynalıwına baylanıslı avstrolopitekler taslardı arnawlı tu'rde basqa taslar ja'rdeminde urıp sındıra baslaydı. Miynet qurallarin jasawg'a o'tiw usılay ju'z beredi. Arxeologiyalıq da'wirlestiriwde bul eolitten arxeolitke o'tiw dep ataladı. Eolitten arxeolitke o'tiw adam ha'm ja'miyet qa'liplesiwinin' baslang'anlıg'ınan derek beredi. Ol bunnan 1 mln jıl burın baslandı.

Alg'ashqı ja'miyet adamı padasının' da'wiri qanday derekler menen shamalanıdı. Onın' baslanıwı adamlardın' haywanat du'nyasına bo'linip, ja'miyettin' qa'liplesiwi menen sa'ykes keledi. sonın' menen birge alg'ashqı ja'miyetlik adam padası da'wirinin' baslanıwı paydalı miynet qurallarının' payda bolıwı menen tuwrı keledi.

Alg'ashqı ja'miyetlik adam padası da'wirinin' keyingi basqıshı-ruwlıq qurılıstın' payda bolıwı edi.

1930-jıllardın' baslarında arxeolog P.P.Efimenko menen P.İ. Boriskovskiy ruwlıq qurılısqa ko'shiw keyingi paleolit basqıshında bolıwı, al keyingi arxeologiyalıq derekler bul pikirdi ras ekenligin da'lliyleydi. Demek, alg'ashqı ja'miyet adam padasının' da'wirinin' son'ı muste da'wirinin' tamamlanıwı menen, ertedegi, poleolitten keyingi paleolitke ko'shiwine tuwra keledi.

Alg'ashqı ja'miyetlik adam padası kishkene adamlar padası bolıwı mu'mkin. U'lken toptın' yarım paleolit adamının' to'menligi ha'm tamaq tabıwdın' qıyınlıg'ı waqtında o'zin asıray alıwı shamalı edi. Jıynap-teriw isi menen shug'ıllanıw waqıttı ko'p jumsawdı talap etedi, al, tamaqtı az beredi, al olardın' iri h'aywanlardı awlawı qıyınshılıqlar menen iske asırılatug'ın edi. Ko'plegen qurbanlıqlarda bolatug'ın edi, ba'rqulla sa'tli bola bermeytug'ın edi. usının' menen alg'ashqı ja'miyetlik adam padasının' birneshe onlag'an adamnan artıq boldı dew qıyın, ko'binese 20-30 er adamlardan quralg'an bolıwı mu'mkin. Bunday padalar geyde adamda iri padalarg'a birigiwi mu'mkin, biraq bul birigiwler tek ayırım jag'dayda g'ana bolıwı mu'mkin edi.

Alg'ashqı ja'miyetlik adam padasının' o'miri bir orınnan ekinshi orıng'a retsiz ko'ship-qonıp ju'rgen jıynap-teriwshiler menen an'shılardın' o'miri g'ana bolıp qoyg'an joq. Chjou Kaudyandegi qazıwlar ko'plegen a'wladlardın' otırıqshı o'mirinin' ko'rinisin su'wretleydi. Keyingi 60 jıl ishinde Evraziyanın' ha'r tu'rli

bo’leklerinde ju’rgizilip atırg’an izertlewler erte paleolitlik waqıttın’ basqa da ko’plegen un’girler otırıqshılıqtın’ bolg’anın ko’rsetedi.

En’ a’yyemgi ha’m a’yyemgi zaman adamları xojaliqtın’ eki tarawı jıynap teriwshilik yamasa an’ awlawma, bunı aytıw qıyın. Ha’r tu’rli ma’wsimlerde, ha’r qıylı geografiyalıq jag’daylarda olardın’ baylanısları birdey bolmag’an.

Biraq an’shılıq alg’ashqı ja’miyet adam kollektivinin’ rawajlanıwın anıqlag’an xojaliqtin’ anag’urlım progressiv tarawı bolg’anı belgili.

Shell h’a’m atel aymaqlarınan tabılg’an h’aywan su’yeklerinin’ arasında geyde, pil sıyaqlı iri h’aywanlardın’ su’yekleri de gezlesedi. Arqa ta’replerde rayonlarda zubrlardı, jılqı, bug’a, u’n’gir ayuların ha’m arıslanlardı o’ltirip, olardın’ go’shlerin tamaq qıldı. Tawlı rayonlarda an’ awlawı ma’selen taw eshkilerin awlaw basım rol atqardı, bul joqarıda atap o’tken Tesik-tas u’n’girindegi su’yeklerden ko’riwge boladı.

An’ an’law olardın’ o’mirinde u’lken a’hmiyetke iye boldı. İri haywanlardı a’sirese, olardın’ ishinen pada bolıp ju’retug’ın haywanlardı qamaw usılının’ ko’z aldımızg’a keltiriw qıyın. Ol iri h’aywanlardı tikkeley o’ltiriw ushın ashel an’shılarının’ quralı ju’da’ ha’lsiz boldı. A’lbette, bunday jag’daylar so’zsiz bolg’an, biraq olardı ayrıqsha jag’day retinde alıp qarawg’a bolmaydı, onın’ u’stine ko’binese an’ awlaw waqtında padadan qalıp qoyg’an awrıw ha’m ha’lsiz h’aywanlardı o’ltirgen. Sonın’ menen birge adam organizmi ushın ju’da’ a’hmiyetli zatları belokları, maylar menen uglevodları bar go’shler, a’sirese onı otta qaqlawdan keyin tek qumarlı tamaq bolıp g’ana qoyg’an joq, sonday-aq alg’ashqı ja’miyet adamının’ boyının’ o’siwin tezletip, tirishilik xızmetin arttırdı. Bul jag’daydı adam evoyutsiyasının’ ertedegi basqıshlarında go’shli awqattı biologiyalıq progestin’ ju’da’ a’hmiyetli stimulı dep bilgen.

L.G.Morgan o’zinin’ ”A’yyemgi ja’miyette” nekelik jınıslıq qanaslardın’ alg’ashqı forması qanlas-tuwısqanlıq semya deytug’ın boldı-dep usındı. Morgan qanlas-tuwısqanlıq semyada nekelik ortalıqlıqtı tek bir g’ana urpaqtı barlıq tuwısqanlardı eki-u’sh atalıq t.b. bawırlardı ha’m qarındaslardı, olardın’ tuwısqanlarının’ pu’tkil a’wladın, olardın’ ataları ha’m a’jelerinin’ pu’tkil a’wladın qamtıydı dep esaplaydı. Ha’r tu’rli a’wladlardın’ arasındag’ı nekelik qatnasıqqa jol berilmedi. Tuwısqanlıqtın’ bul sistemasında anası menen a’kesi tek o’zinin’ balaların g’ana emes, sonday-aq o’zinin’ barlıq bawırı menen qarındaslarının’ balaların o’z balam dep aytayın, al balalar o’z gezeginde tek o’zinin’ tuwg’an ata-anasın g’ana emes, sonday-aq barlıq o’zlerinin’ qarındasları menen bawırların ata-analarımız dep ataytug’ın faktlerine su’yenip, ol nekelerdi retlep otırıwdın’, en’ a’yyemgi forması,qanalas-tuwusqanlıq semya boldı, dep juwmaq jasaydı.

XX a’sirde en’ aldı menen sol gavaylıqlar haqqında jan’a etnografiyalıq derekler jıynalıwınan Morgannın’ mag’lıwmatları qa’te ekenligi anıqlandı.

Morgan su’yengen missionerler ju’da’ turpayı xalıq dep sıpatlaydı, al rasın aytqanda, gavaylıqlar klasslıq ja’miyetke o’tiw waqtında turg’an bolıp shıqtı. Tuwısqanlıqtın’ gavay tu’rinin’ bahasıda durıs bolmay shıqtı. Bir qatar shet el etnograflarının’ izertlewleri (U.Rivers, L.G.Shternberg, A.M. Zolotarev,D.A.Olderogge) bul ju’da’ keyingi tariyxıy forma ekenin anıqladı. Sonın’ menen qanalas-tuwısqanlıq semyanın’ bolg’anlıg’ı haqqında gipoteza qanday

bolmasın is ju'zindegi tiykarlardan tamam boldı dep, ha'zirgi waqıtta onı alg'ashqı ja'miyetlik ja'miyettin' barlıq tariyxshıları derlik taslap ketti.

Degen menen, o'zine ta'n nekelik uyım formaları bir urıwlıq turmıs birden tuwg'an joq, onın' aldında adam padası kelesi da'wirdegi nekelik institutlardı jasawg'a jaqın kelgen uzaq da'wir bolıp o'tkenligi belgili.

Oylaw menen so'zdin' shıg'ıwı alg'ashqı ja'miyetlik ja'miyet tariyxında ju'da' quramalı problema bolıp tabıladı, bunı sheshiwdin' qıyınlıg'ı usı protsesstin' tiykarg'ı da'wirlerin ko'rsetip beretug'ın bizin' qolımızdı tuwrı emes, bul protsesstin' tiykarg'ı basqishlarin korsetiwshi qiya mag'lıwmatlar barlig'ında.

Oylaw menen so'zdin' rawajlanıwının' en' a'yyemgi basqıshlarının' shıg'ıwı menen rekonstruktsiyasın anıqlaw ushın, tiykarg'ı terminler bir neshe. En' aldı menen bul salıstırma psixologik, salıstırma fiziologik benen til bilimi, sonday-aq etnografiya menen arxologik. Biraq bul meselelerdi sheshiw ushın antropogenez protsessindegi so'zbenen oylawdın' materiallıq apparatı to'mengi jaq su'yektin', miydin' t.b. rawajlanıwı haqqında derekleri bar antropologiya ju'da' a'hmiyetli materiallar beredi. Antropogenezdin' miynet teorisyanan alıp, usı materiallardın' barlıg'ın kompleksti qarastırıw g'ana adamnın' oylawı menen so'z funktsiyasının' rawajlanıwı tariyxında tiykarg'ı da'wirlerdi belgilep alıwg'a ja'rdemlesedi.

Oylaw menen so'z adamnın' qa'liplesiw protsessi miynet xızmetinin' shıg'ıwı ha'm rawajlanıw protsessi, o'ndirislik rawajlanıw protsessi bir protsesttiin' eki jag'ı ekeni ju'da' belgili. Sonlıqtanda en a'yyemgi adamzat tariyxında oy burın shıqqanba, yamasa onı bildiretug'ın so'z be degen soraw beriw durıs bolmas edi. Oylaw menen so'z bir waqıtta payda boldı. En' a'piwayı sanalı tu'rde jasalıp shıg'arılg'an miynet qurallarının' payda bolıwının' o'zi-aq en' a'piwayı tu'siniklerdin' payda bolıwı esaplanadı, al bular o'zinin' retine qaray kollektivtin' bir mu'shesinen ekinshisine beriliwge tiyis boldı. Bulay bolmag'an ku'ndi qarag'an ta'jriybe jıynag'ı retinde kelesi a'wladqa o'tiwge tiyis edi. Sonın' menen en' a'piwayı tu'siniklerdin' payda bolıwı menen qatar informatsiyanı-olardı belgilep beriwge arnalg'an dawıs simvolların beriwdin' en' a'piwayı forması payda boldı.

Bunday dawıs signallarınınn' payda bolıwı ushın adamnın' tikkeley arg'ı ataları-maymıllardın' dawıs signalları tiykar boldı. Usı da'wirdegi adam ta'rizli maymıllarda bunday signallar qorı ko'p, ma'selen shimpinzede emotsii menen organizm ku'yin bildiretug'ın ha'r tu'rli dawıslar jigirmadan asadı. Biraq, maymıllardın' usınday affektivi, atap aytqanda, emotsionaldı bayıtıp tınısh tu'rdegi dawıslardı, ”o'mirlik shumlar” degen at alg'an, dawıslardı joqarıda, ju'da' siyrek shıg'ardı.

Oylaw menen so'zdin' budan arg'ı rawajlanıwı miynet qurallarının' rawajlanıwı menen birge o'rlew qıyg'aq sızıg'ının' boyı menen ju'rdi. Joqarıda atalıp ko'rsetilgenindey antitrop bas su'yeklerinin' ishki betinin' jasırınlı jag'ının' artqı bo'leginde ja'ne to'be-jelke aymag'ında usı zamandag'ı adam ushında so'zdin' durıs ag'ımın basqaratug'ın ortalıqlar alıp jatqan tarawlarda a'dewir don'islikler tabılıp atır.

Bul ortalıqlar jaraqatlang'anda jeke so'zlerdin' ha'm so'ylewshinin' o'zindegi frazalardın', sonday-aq basqa birewdin' so'zin tu'siniwdegi atılıw

usılların o’zgertedi.

Bul jobalaw sinantroplardın’ materiallıq ma’deniyatı qaldıqların izertlew na’tiyjeleri menen(olardın’ ottı paydalanıwı, bulardın’ o’mirindegi kollektivlik u’yirip an’ awlawdın’ rolimenen) olardın’ o’ndirgish ku’shleri rawajlanıwının’ birqansha joqarı da’rejesi menen seykes keledi.

Biraq mu’sheli so’zlerdin’ tolıq rawajlanıwı tek adamnın’ usı da’wirdegi tu’rinin’ payda bolıwı menen g’ana baylanıslı dewge ka’mil tiykarlar bar. A’yyemgi zaman gominidlerin sıpatlap jazg’anda, onın’ geybir padası usı da’wirdegi adamlardan kem tu’speytug’ınlıg’ı, ha’tteki odan asıp tu’skenligi aytıp o’tildi.

Biraq olarda ish qurılısı anag’urlım turpayı, atap aytqanda, man’lay jag’ı aytarlıqtay jalpaq keletug’ın edi. Al tap usı jerde oylawdın’ joqarg’ı funktsiyası-assotsiyasın, abstrakti tu’siniklerinin’ du’ziliwi t.b.ortalıqlar jaylasqan. sonlıqtanda adamnın’ oylanıwı erte paleolitten keyingi paleolitke ko’shiw da’wirinde ayrıqsha o’siw jasadı. Al son’ın menen birge dawıslıq so’z de progerssivti o’zgerislerge ushıradı dep jetkilikli ayqın etip aytıwg’a boladı. Bular jeke dawıslardı artikulatsiyalap adamnın’ tolıq ilgerlewin, ha’mde tu’siniklerdi differentsiyalawdan keyin so’zlerdin’ a’dewir diferentsirovkasınan ko’rinetug’ın bolsa kerek. Tap usı keyingi paleolit da’wirinen baslap, biz ha’zirgi ja’miyettegi biletug’ın evolyutsiyalıq jag’ınan ayırmashılıg’ı joq til sisteması tuwralı aytıwımızg’a boladı.

### QADAG’ALAW TAPSIRMALAR:

1. Ne ushın a’yyemgi adam jalg’ız jasay almaslıg’ın aytın’.
2. Alg’ashqı pada xojalıq tu’rlerin кo’rsetin’.
   A. gu’lalshılıq, diyqanshılıq
   V. diyqanshılıq, o’nermentshiliк.
   S. diyqanshılıq, an’shılıq
   D. balıqshılıq, an’shılıq
   E. An’shılıq, diyqanshılıq
3. Alg’ashqı padada miynettin’ rolin кo’rsetin’.
4. Qanlas- tuwısqanlıq semya gipotezası avtorı кim bolg’anın tabın’.
   A. Engels
   V. Marks
   S. Rivers
   D. Morgan
   E. Olderogge

**Tema Antropogenez protsessinin' tamamlanıwı ha'm urıwlıq qurılıstın' payda bolıwı.**

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu'ri: leкtsiya

Tiyкarg'ı sawallar:

1. Antropogenez protsessinin' tamamlanıwı ha'm adamnın' usı zamang'ı tu'rinin' payda bolıwı
2. O'ndiris ku'shlerinin' rawajlanıwı

Tayanısh so'zler: Paleolit, sanalı adam, aqıl-parasatlı adam, rasa, matriarxat.

Oqıtıwshının' maqseti:

Sanalı adam ha'm rasalardın' payda bolıwı protsesin an'latıw, rasalardın' payda bolıwı protsesin sıpatlaw,o'ndiris кu'shlerinin' rawajlanıwın tu'sindiriw.

Identiv oqıw maqsetleri:

1.1. Sanalı adam rasalardın' payda bolıwı protsesin an'laydı.

1.2. Rasalardın' payda bolıwı protsesin sıpatlaydı.

1.3. O'ndiris кu'shlerinin' rawajlanıw da'rejesin talqılaydı.

Erte ha'm orta pleystotsen boyında gominid semyalıg'ının' evolyutsiyası adamnın' usı zamang'ı tu'rinin' payda bolıwı ushın qolaylı alg'ı shertler jasadı. Shınında da Homo teginin' go'ne zamang'ı wa'kili-neondertallıq adamnın' intensivti miyneti ushın barlıq kerekli organlardı u'lken miyi, tik jag'dayda ju'rgenligi, ju'ris-turısın aytpag'annın' o'zinde qolaylı qolı bolg'an edi.

Antropolog Ya.Ya.Roginskiy jasag'an adamnın' ha'zirgi tu'rinin' payda bolıwının' en isenimli teoriyası joq usı a'lewmetlik tirishilik iyesi retinde, usı zamang'ı adamnın' neondertollıqtan artıqmashlıg'ına su'yenedi.

Adamnın' usı zamang'ı tu'rinin' payda bolıwı waqıtı keyingi pleystotsennin' ekinshi yarımına tuwra keledi de keyingi paleolittin' baslanıwı menen birigedi. Qalay bolg'an menende usı waqıtqa deyin neondertollıq adamnın' su'yek qaldıqları tabılg'an keyingi paleotlik turaqlar belgili emes. HOMO SOPIEHS tin' a'yyemgi kontseptsiyasının' u'stemlik etiwine baylanıslı arxeologiyalıq ha'm geologiyalıq qabatlarında usı zamang'ı adamnın' su'yek qaldıqları tabılg'an. Ko'plegen jag'daylar talay ret sipattalıq jazıldı. Atap aytqanda, bunday na'rselerdi 1953-jılı Qırımda A.A.Formozov jasadı. Bunda nashar bilinisten turpayı belgilerinin' bolıwı menen sıpatlanatug'ın usı da'wirge tap ul balanın' qan'qası keyingi muster qabatınan tabıldı.

Adamnın' usı zamang'ı tu'rinin' qa'liplesken ornı tuwralı ma'sele jo'ninde

isti diskussiya ha’wij aldı. Bir ta’repten usı zamang’ı tu’rli na’sillerinen neondertollıqlardın’ ha’r tu’rli na’sillerinen shıqqan. Sonın’ menen pu’tkil eski du’nyanı Gomo sapienstin’ arg’ı watanı dep atawg’a boladı

Antropologiyalıq a’debiyatta politsentrizm gipotezosı degen at tag’ılg’an usı gipotezag’a sa’ykes evropeodlıq rasa, evropalıq neondertollıqlar negizinde, negroidılq-neandertallıq tiptin’qubla, ko’binese afrikalıq formaları negizinde qa’liplesken, mongoloidlıq sinantrop a’wladlarınan shıqqan. Gomo sapienstin’ erte keyingi paleolitlik formalardın’ o’zine ta’n morfologiyalıq o’zgeshelikleri eki gipoteza isenimli tu’rde tu’sindiriledi ha’m bulardın’ arasında tan’law jasawg’a ko’meklespeydi. Mısalı, murınnın’ qattıraq qaqırıwı Batıs ja’ne Shıg’ıs Evropanın’ jaqarı paleolitlik adamların evropoidlıq na’sildin’ usı zamang’ı wa’killerine jaqınlatadı, jalpaq murın, bet su’yeginin’ alg’a shıg’ın’qılıg’ı negroidlıq rasanın’, a’yyemgi de, usı zamang’ı wa’killerine bir da’rejede ta’n, aqrında usı zamang’ı mongoloidlarg’a sonshama ta’n bet jalpaqlıg’ı Qıtay territoriyasınan tabılg’an keyingi paleolitlik bas su’yeklerine de bayqaladı. Adamnın’ usı zamang’ı tu’rlerinin’ payda bolıwı erte paleolitten keyingi paleolitke ko’shiw waqtındag’ı o’ndiris ku’shlerinin’ rawajlanıwındag’ı ku’shli sekiriw menen tıg’ız baylanıslı.

O’ndiris ku’shlerinin’ o’rlewi, en’ aldı menen,tastı on’lawdın’ jan’a texnikasının’ tuwıwınan ko’rinedi.

Oyıp tesiw texnikası jetistirildi, disk ta’rizli muster ber derekli plestinalardı qırg’ıshlaw ornına, endi durıs qırılg’an, keyinrek prizmalıq nukleuslardan oyılıp-tesilip ha’m juqa retush jasalıp,ekinshi ret onlawg’a ushırag’an uzın juqa, jen’il plastinalar opırılıp alındı.

Tas penen qatar ko’zleri bar biz iyne, ketpen ustamaları, nayza menen qısqa saplı nayza ushtamaları, nayza ılaqtırg’ıshlar jasalıp shıg’arılg’an su’yekler menen mu’yizler qollanılatug’ın boldı. Anag’urlım jetildirilgen an’ an’law qurallarının’ payda bolıwı menen an’ an’law rawajlanıwdın’ joqarg’ı da’rejesine jetti. Bul haqqında keyingi paleolitlik orınlarda ju’da’ ko’p jıynalıp qalg’an janıwarlardın’ qabına iri tabanlıq-mamontlardın’, tag’ı jılqılardın’, arqa bug’ılardın’ su’yekleri da’lil boladı. Mısalı, Prjedmosede (Chexoslovakiya) 40000 nan aslam qurallar ja’ne basqa janıwarlardın’ su’yekleri menen birge shama menen 800-1000 mamont qaldıqları, Solyutrede (Frantsiya) 10 mın’ day jılqı su’yekleri Amvrosievkada (Ukraina) 1000 g’a jaqın buzawlardın’ su’yekleri tabılg’an. Sira’ usı waqıtta u’yirilip kollektivlik awlaw en’ joqarı rawajlanıwına jetse kerek. Endi an’ awlaw, tirishilik etiw quralları menen a’dewir qamtamsız etiliwge jetkizdi. Adamlar turaq-ma’kan retinde u’n’girlerdi paydalandı, biraq bunın’ menen birge u’lken jasalmalı orınlar jer betinde salıng’an u’yler menen jer to’leler taraldı. Qazılıp tabılg’an geybir jerkelelerdin’ ko’lemi u’lken boladı. (200 mkvge deyin). Olardın’ qabırg’aları taslar menen nıg’aytılg’an, al to’besi konus formalı ja’ne putaqlar menen on’ terileri jabılg’an sırg’awıllardan turg’ızılg’an bolıwı kerek. Keyingi paleolitte haywanat su’yeklerinen ko’rnekli turaq-jayları ken’nen taralg’an. Kostenki makan-jayında ashılg’an turaq jaylardın’ uzınlıg’ı 35 m. ja’ne eni 15-16 m, onın’ ortalıq 9 oshaq ornalasqan. Usınday pu’tkil qa’wimnin’ u’lken turaq jayları menen birge, pu’tkil poselkalardı biriktirgen ko’lemi kishi basqa turaq jaylarda bolg’an. Keyingi palelittin’ aqırına qaray turaq jaylardın’ ken’nen taralıwı ris-

Vyurmlik muzlıq aralıq da'wirdin' bir qansha jumsaq klimatı ornına Vyurmlik suwınıwdın' keliwi menen sha'rtlesedi. Usıg'an kiyim-kenshek evolyutsiyası da baylanıslı boladı. Su'yektin' iynenin' tabılıwına qarag'anda adam usı waqıtta kiyim tigiwdi u'yrengen. An' terilerinen tigilgen kiyim-kenshek bolıp, u'ydi jabıwg'a qollanılsa kerek. Keyingi paleolit da'wirinin' aqırına qaray turaq-jaylardın' jılıtqan ha'm og'an jarıq bergen. Oshaqlar menen birge, uqsas jarıq beretug'ın arnawlı a'sbaplarda payda boldı, bul may menen pilitki ortasındag'ı oyıg'ına salıng'an, tastan jasalg'an shamlar edi.

O'ndiris ku'shlerinin' rawajlanıwında alg'a iri qa'dem taslaw ja'miyetti birlestiriwde kem iri o'zgesheliklerdi tuwdırmay qala almaydı. Ta'biyat penen o'zinin' gu'resindegi adamnın' o'se tu'sken texnikalıq qurallanıwı bir qansha turaqlı sharwashılıq kollektivlerinin' o'mir su'riwine mu'mkinshilik jasadı. Biraq, sonın' menen birge bul ku'ndelikli tu'sken qurallardı ha'm miynet o'nimlerin tiyimlirek paydalanıwdı, miyrasxorlıq penen onnan arman jetildire beriwdi talap etti. Onın' bir qansha amorflı turaqsız qurılması menen alg'ashqı ja'miyetlik tobının' bul minnetke yag'nıy wazıypag'a shaması jetpeytug'ın edi. Sonlıqtanda ja'miyettin' anag'urlım bekkem formasına so'zsiz orın beriwi tiyis boldı. Bul uyımnın' sıpatın bir qatar jag'daylar anıqlap berdi. Birinshiden, jan'a birlik qa'liplese baslag'an jag'daylarda erte paleolitlik ja'miyet rawajlanıwının' ju'da' to'mengi da'rejesin de baylanıslardı bekkemlew ushın o'zinen-o'zi tuwg'an ta'biyg'ıy, qanalas.tuwısqanlıq, birden.bir noqtalı negiz boldı, Ekinshiden jınıslıq qatnasıqlardın' retke keltirilmegenligin de demek, a'kelik tu'siniktin' joqlıg'ın da tuwısqanlıq tek jalg'ız ana a'wladı ortasında qa'liplestiriwge, yag'nıy analıq, hayallıq bag'ıt boyınsha qurılıwg'a tiyis boldı. Aqırında, u'shinshiden sol waqıttag'ı kollektivlerdin' en' turaqlı bo'limi sharwashılıq tirishiliginin' barlıq tarawlarında u'lken rol ha'm balalarg'a g'amqorlıq jasaw, ottı so'ndirmey uslaw, u'y sharwashılıg'ın ju'rgiziwde ayrıqsha rol atqaratug'ın hayallar boldı. barlıq usı jag'daylardın' arqasında alg'ashqı ja'miyetlik adam toparın almastırıwg'a tiyisli ja'miyet birlespenin' forması analq urıw emes analq ruwlıq qa'wim bolıwg'a tiyis edi. Alg'ashqı ja'miyetlik adam tu'p- tiykarınan ayırmashılıg'ı analıq ruwlıq qa'wim, endi qa'liplesken ”tayın” adam ja'miyeti boldı. Tuwısqanlıq qatnaslar retinde ekonomikalıq qatnaslar ta'biyg'ıy tuwısqanlıq qatnaslar retinde tolıq tu'sindiriledi. O'z gezeginde tuwısqanlıq toparlardın' anıqlawshı belgisi ekzogamiya, yag'nıy urıw ishinde jınıslıq qatnaslarg'a tıyım salıw. Ekzogamiyanın' shıg'ıwı tuwralı ma'sele jo'ninde ko'plegen ha'r tu'rli birde-birin elshilik qabıllamag'an. bulardın' birinshisin XIX a'sirdin' 60-jıllarında ilimge ekzogamiya terminin engizgen Shotlandiyalı Mak Lennan usındı. Biraq sonın' menen birge bunı barlıq alg'ashqı ja'miyet bilimlerin ekzogamdı ha'm endogamdı dep bo'lip shatastırdı. Mak Lennannın' pikiri boyınsha ekzogamiyanın' tu'p negizi paydasız qız balalardı sawashta o'ltirgenliginde jatır. Sonlıqtanda o'zlerine hayallardı basqa jaqtan izlewge ma'jbu'r bolg'an. ”jabayı jawıngerlerdin'” a'deti boldı. Darvin jasqın, ku'ndelikli o'z-ara aralasıp, qatnasıp ju'rgen tuwısqanlardın' arasında tuwıwg'a tiyis bolg'an jınıslıq qatnasqa degen jerkenish ekzogamiyanı tuwdırdı-dep tu'sindiredi. Usı teoriyag'a ko'p aralas jınıslıq baylanısqa degen ”instintivti” jerkeniwdin' a'dewir tarag'an teoriyası jaqın keledi. ”Patriarxallıq teoriyanıE gey

bir jaqlawshılar ekzogamienı ruwdın' kishi mu'shelerin basqa jaqtan hayal izlewge ma'jbu'r etken patrarxtın' qızg'anıshlı despotizmnin' na'tiyjesi dep biledi.

Ekzogamiyalıq tıyım salıwlardın' payda bolıwına qan aralasıwdın' biologiyalıq zıyanlı saldarın boldırmawg'a umtılıw menen baylanıstırg'an bul ma'selenin' tariyxında Morgan ayrıqsha iz qaldırdı. Eki ekzogamlıq o'z-ara nekeles frotriyag'a taypanın' bo'liniwi tu'rindegi duallıq birlespelerdin' qaldıqları, ko'plegen xalıqlardın' tariyxı o'tken waqıtınan ayqın ko'rinedi. Ma'selen, Batıs Viktoriya Avstroliyalıqlarında qara ha'm aq kakadu frotiyası, jan'a İrlandiya meloneziyliklerinde-balıq awlawshı qıran menen Bu'rkit, konelebroziyalıq shıg'ıs penen batıs, selkuplerinde samrsın menen burkit t.b. frotriyaları o'mir su'rgen. Evropeoidlik na'sil ko'binese Evropada, mongoloidlıq-Aziyada qa'liplesti, negroidlıq na'sillerdin' wa'killeri Afrika menen Avstraliyanı makanladı. bunnan o'zgeshe shegeralıq aymaqlarda jer orta ten'izinde onın' evropalıq jag'alarında negroidlıq rasa wa'killeri ushırasadı. Ol Afrikalıq jag'alawında Evropeoidlik toplar, Kavkaz, Orta Aziyanı negizinen evropeodlik rasa wa'killeri makanladı. Paleoantropologiyalıq ha'm arxeologiyalıq dereklerge qarag'anda, u'lken rasalardın' ishinen iri putaqlardın' bo'liniwi mezoleny da'wirine tiyisli. Etnografiyasodaqtı paydalanbag'an, biraq awlawdın' basqa, azıraq quralların, ma'selen duxovoy, jebe ılaqtıratug'ın tu'tikti paydalang'an an'shılar taypasın, atap aytqanda, Amazonka basseyninin' ko'plegen taypaların biledi.

## QADAG'ALAW TAPSIRMALAR:

1. Sanalı adam basqıshında payda boldı.

A. neolit
V. bronza davri
S. son'g'ı paleolit
D. Orta paleolit

2. Rasalar________payda boldı.

A. son'g'ı paleolit
V. muste
S. orta paleolit
D. temir

3. Rasalardın' jer ju'zinde tarqalıwın sıpatlan'.

4. O'ndiris кu'shlerinin' rawajlanıw derejesi ne menen baylanıslı.

## Tema Erte urıwlıq ja’ma’a’t

**Ajratilgan saat: 2**

Sabaq tu’ri: leкtsiya

Tiyкarg’ı sawallar:

1. Xojalıq rawajlanıwının’ tiykarg’ı basqıshları
2. Ja’miyetlik qatnasıqlar
3. Neke ha’m semya

Tayanısh so’zler: son’g’ı paleolit, nayza ılaqtırg’ısh, turaq jaylar, ruwlar ta’riypi, matrilokal, dispokal jaylasıw, Tuwısqanlıq qatnasıqlar, semyanın’ ju’zege кeliwi.

Oqıtıwshının’ maqseti:

Son’g’ı paleolit da’wirinde an’shılıq, terimshiliк ha’m balıqshılıqta qolg’a кirgizilgen jen’islerdi, jaratılg’an jan’a miynet quralların ta’riyplew, insaniyat ja’miyetliк birliginin’ qanlas-tuwısqanlıqqa tiyкarlang’an ruwlıq basqıshına jetкenligin tu’sindiriw.

Identiv oqıw maqsetleri:

1. Son’g’ı paleolit da’wirinde jaratılg’an jan’a miynet quralların biledi.
2. Xojalıq jetisкenligin orta paleolit da’wirinen parqlay aladı.
3. Ruwlıq du’ziminin’ ja’miytliк ta’replerin tu’sinedi.

1. Xojalıq rawajlanıwının’ tiykarg’ı basqıshları

Shama menen 40 mın’ jıl burın adam ha’m ja’miyettin’ qa’liplesiw protsessi tamamlanadı. Jan’a fizikalıq kelbetke iye adamlar, neantroplar payda boldı. Alg’ashqı padanın’ ornın iyelegen ja’miyet sho’lkeminin’ birinshi ta’rtiplestirilgen tu’ri, shama menen tuwısqanlar toparı, yag’nıy ana urıwı bolg’an.

Erte urıwlıq ja’ma’a’t basqıshı an’shılar, balıqshılar, terimshilerdin’ a’piwayı o’zlestiriwshi xojalıg’ı menen ha’m sog’an sa’ykes ja’miyetlik qatnasıqlardın’ a’piwayı tu’rleri menen sıpatlanadı. Biraq bul basqısh basınan aqırına shekem ha’m barlıq jerde bir qa’lipte bolmag’an. 25-30 mın’ jıl dawamında adamzat aytarlıqtay rawajlanıw jolın basıp o’tedi ha’m o’zlestirilgen ken’ aymaqta xojalıq ju’rgiziwdin’ ha’r tu’rli tarawların do’retedi.

Usı waqıt dawamında birinshi gezekte islep shıg’arıwshı ku’shlerdin’ aytarlıqtay o’siwi gu’zetiledi. Miynet qurallarının’ a’sirese o’nimdar quramalı qurallardın’ tu’rleri ko’beyedi. Oq jaydın’ oylap tabılıwı og’ada u’lken a’hmiyetke iye edi. Bul basqıshtag’ı islep shıg’arıwshı ku’shlerdegi basqa da tabıslar aytarlıqtay a’hmiyetke

iye. Sonın' ishinde iyttin' qolg'a u'yretiliwi, suw transportlarının' balıqshılıq qurallarının' (torlar, qarmaqlar, garpunlar) jetilisip barıwın aytıp o'tse boladı.

İslep shıg'arıwshı ku'shlerdegi ilgerilewler ishinde adamnın' o'ndirislik ta'jiriybeleri ha'm ayrıqsha orıng'a iye. Ta'biyiy orta haqqında bilimler ken'eydi, miynet etiw ta'jiriybesi arttı, birlesip miynet etiwdi sho'lkemlestiriw jaqsılandı. Urıwlıq du'zimge shekemgi miynettin' jınıs ha'm jas boyınsha bo'listiriliwi onnan arı rawajlandı.

Erkekler ko'birek an'shılıq penen, al keyinirek balıq awlaw menen, hayallar bolsa terimshilik penen ha'm u'y sharwaları menen shug'ıllandı. Balalar ha'm qa'riyalar ja'miyettin' miynetke jaramlı ag'zalarına ja'rdemlesip turdı. Qa'riyalar ja'ma'a't ta'jiriybesinin' saqlawshısı bolıw menen bir qatarda miynet quralların jasawg'a aktiv qatnastı. Wazıypalardın' o'z-ara bo'listiriliwi pu'tkil ja'ma'a'ttin' miynet o'nimdarlıg'ın asırdı.

Erte urıwlıq ja'ma'a't basqıshı zamanago'y tu'rdegi adamlar jasag'an ha'm onı tariyxıy rekonstruktsiyalaw ushın arxeologiyalıq materiallar menen bir qatarda etnografiyalıq ten'lemelerden ken' paydalanıladı. Bul Tasmaniyanın' ha'm Avstraliyanın' aborigenleri, Filippinnin' aetaları, Malakkanın' semang ha'm senoy qa'wimleri, orman andamanlıqları, Shri-Lankanın' veddaları, Kalaxara sahrasının' bushmenleri, eskimoslardın' bir bo'limi, Qubla Amerikanın' geypara qa'wimleri. Biraq, olar a'dette lyuzoli kelbetindegi qa'wimler. Sog'an qaramastan olardın' ko'pshiliginin' ma'deniyatında joqarı paleolit da'stu'rleri saqlanıp qalg'an. Bul ko'pshilik jag'dayda alıng'an mag'lıwmatlardan pu'tkil erte urıwlıq du'zim basqıshın tariyxıy rekonstruktsiyalawda paydalanıw mu'mkinshiligin beredi

Joqarg'ı paleolitte alg'ashqı oykumena aytarlıqtay ken'eyedi. Ko'p mın'lag'an arxeologiyalıq ma'kan jaylar bul da'wirde xalıqtın' sanının' o'skenliginen ha'm onın' tarqalıw shegarasının' ken'eygenliginen derek beredi. Adamzat jan'a materiklerdi Amerika ha'm Avstraliyanı o'zlestiredi. Olarg'a qonıslasıw tar bug'azlar yamasa sol zamanda bar bolg'an moynaqlar arqalı a'melge asqan bolıwı kerek. Amerika ha'm Avstraliya aymaqlarında alıng'an radiouglerodlı sa'neler boyınsha joqarg'ı paleolittin' aqırına kelip olar adam ta'repinen tolıq o'zlestirilgen. Joqarg'ı paleolit adamları polyar artındag'ı tundranın' qıyın sharayatlarına ma'deniy ha'm biologiyalıq jaqtan beyimlesedi. Solay etip, joqarg'ı paleolit aqırında jer sharının' adam o'miri ushın jaramlı bo'limlerinin' barlıg'ı o'zlestirilip, oykumenanın' shegaraları qurg'aqlıq shegaralarına sa'ykes keledi.

Joqarg'ı paleolit da'wirinde tas o'n'lew texnikası jetilisi. Muste nukleuslerinen alınatug'ın qopal plastinalardın' ornına tuwrı prizma ta'rizli nukleuslardan uzın, juqa, jen'il plastinalar sındırıp alınatug'ın boldı. Jan'a usıl shiyki zattı az mug'darda talap qılg'anlıg'ı sebepli, an'shılarg'a tastın' ta'biyiy qorı joq jerlerge erkin jıljıwg'a mu'mkinshilik berdi. En' a'hmiyetlisi, bul texnika qa'nigelesken miynet qurallarının: qırg'ıshlar, keskishler, bizler, pıshaqlar ha'm t.b. jasawg'a jol ashıp berdi. Bunnan tısqarı ag'ash ha'm su'yeklerde oyıp jasalg'an qoltıqlarg'a plastinalardı jaylastırıw arqalı ko'p tu'rdegi sanlı qurallar jasawg'a mu'mkinshilik payda boldı.

Bulardın' ha'mmesi qurallardın' o'nimdarlıg'ın ha'm an'shılıqtın' oljalılıg'ın keskin ko'sheytirdi. Joqarg'ı paleolittin' aqırında to'rtlik da'wirden zamanago'y geologiyalıq da'wir-golotsenge o'tiw ju'z beredi. İri haywanlardın' joq bolıp ketiwi

mayda haywanlar ha'm quslardı an'lawdı, sonın' menen qatar balıqshılıqta a'dewir qolaylı mikrolit texnikasına o'tiwge ma'jbu'r qıldı.

Mezolit texnikasının' a'hmiyetli jetiskenliklerinin' biri oq jaydın' oylap tabılıwı. Alıstan atatug'ın jan'a qarıw an'shılıqtı rawajlanıwın ten'lestirdi ha'm onın' a'hmiyetin asırdı. An'shılardın' negizgi oljası suwın, maral, zubr, qaban, sonın' menen qatar usaq haywanlar ha'm suwda ju'zetug'ın quslar boldı.

Mezolit adamları barlıq an'shılıq, balıqshılıq ha'm terimshilik resursların paydalanıwg'a ha'reket etken. Bul olardın' ko'ship-qonıwın ku'sheytiredi. Sog'an qaramastan bul da'wirde da'rya ha'm ten'iz jag'alarında qonıs jayg'an biraz otırıqshı ja'ma'a'tlar ha'm az bolmag'an. Mezolittin' aqırında ken' tarqalg'an kompleksli balıqshılıq-an'shılıq-terimshilik xojalıg'ın ju'rgizetug'ın qa'wimler de shamalı otırıqshılıqqa erisedi. Xojalıg'ı ayırmashılıqlar ta'biyiy tu'rde tu'rli aymaqlardag'ı xalıqlardın' materiallıq ma'deniyatında o'zgesheliklerge alıp keldi.

Mezolit qa'wimlerine tiyisli arxeologiyalıq ma'deniyatlar du'nya ju'zinde ju'da' ko'p. Batıs Evropadag'ı azil, tardenua, lingbi, Shıg'ıs Evropadag'ı Svider, Jaqın Shıg'ıstag'ı kebara, Qubla Shıg'ıstag'ı-xoabin usılar qatarına kiredi. Avstraliyada anıqlang'an tartanga, pirri ha'm bondi ma'deniyatların ha'zirgi zamang'ı etnografiyalıq materiallar menen salıstırıw mu'mkinshiligi bar. Ma'kan jaylardan balta, pıshaq, nayza oqları, qırg'ıshlar, bizler, saplı qurallar-mikrolitler, su'yek ha'm baqanshaqlardan jasalg'an qurallar. Olardın' ayırımları ha'zirge shekem saqlanıp qalg'an.

Etnografiyalıq mag'lıwmatlar aborigenlerdin' xojalıg'ı ha'm materiallıq ma'deniyatı haqqında biraz tolıg'ıraq tu'sinip alıwg'a mu'mkinshilik beredi. Aborigenler kenguru ha'm basqa qaltalı haywanlardı, emu (tu'ye qus), tyulendi, krokodillerdi, ten'iz tasbag'aların awlag'an. Kengurulardı awlawda jekke an'shılıq usılı menen qatar ko'pshilik bolıp quwıp qamaw qollanılıp, bug'an hayallar ha'm qatnasqan. Tyulenler, tasbaqalar ha'm krokodillerdi de a'dette, usılay awlag'an. Avstraliyalıqlar xojalıg'ının' jetekshi tarawı bolg'an an'shılıq ka'sibinde tamasha usılları-haywanlardın' minez-ha'reketin teren' biliw, jasırınıwdag'ı tapqırlıqlar, qarıwdı paydalanıwg'a ayrıqsha sheberlikti qa'liplestirdi. Olardın' en' a'hmiyetli an'shılıq ha'm a'skeriy qarıwı nayza menen shoqmar boldı. Ushlı ha'm qurastırılg'an nayzalardın' bir-neshe tu'rleri bar. Ko'pshilik adamlar ushına «tula» baylang'an nayzadan paydalang'an. Ushına tula baylang'an shoqmarlardan soqqı beriw ushın ha'm urıp tu'siriw ushın paydalang'an. Olardın' bir tu'ri bası iyilgen jalpaq shoqmar-bumerang bolıp, ol nıshang'a uzaqtan og'ada qattı soqqı bergen. Quslardı awlawda «oralg'ısh bumerang» qollanılg'an.

Qolaylı bolg'an jerlerde avstraliyalıqlar balıq ha'm ten'iz haywanların awlag'an. Olardı qol menen, shanıshqı menen, qarmaq penen awlag'an, ayırım waqıtları tor, sebetten paydalang'an.

Xojalıqta jıynap-teriw tarawı a'hmiyetli orın tutqan. Jewge jaramlı tamırlar, da'nli daqıllar, jemis-jiydeler, zamarrıqlar, molyuskalar, qurt-qumırısqalar, quslardın' ma'yekleri, shayanlar ha'm t.b. terilgen. Bunnan tısqarı kemiriwshiler, kesirtkeler, jılanlar awlang'an. Terimshiliktin' baslı quralı ushlang'an qazıw-tayaq bolg'an.

Azıq-awqat izlew jolında mudamı ko'ship-qonıp ju'rip, avstraliyalıqlar tek

waqıtsha jasaytug'ın shalashlar, shamaldan ıqlaytug'ın panalar qurg'an. Biraq ayırım jerlerde karkaslı turaq jaylardan turatug'ın ma'wsimli-otırıqshı elatlar ha'm payda bolg'an (120 kv m). Avstraliyada tu'ngi temperatura ayırım waqıtları nollik belgiden to'men tu'sedi. Sog'an qaramastan jıllı kiyimler (onossum yamasa jas kenguru terisinen jasalg'an) ha'mme jerde tarqalmag'an, ko'binshe may yamasa oxra aralasqan may menen su'rtingen.

Suwıqtan qorg'anıwdın' baslı quralı ot bolıp, onı ag'ashtı u'ykelew arqalı tapqan. Otta go'shli awqattı quwırıp, yamasa ko'mip jegen. Suwg'a pisiriwdi ele bilmegen.

Suw jag'aları resurslarına su'yengen mezolit qa'wimleri basqasha jasag'an. Olardan Batıs Evropadag'ı maglemoze, Yaponiyadag'ı dzemon, Arqa Afrikadag'ı kapsi arxeologiyalıq ma'deniyatları qalg'an. Usılardın' biri Amerika materiginin' qubla shetindegi Qızıl Jerdin' yaganlar ha'm alakulaflar ma'deniyatı. Bul arxipelagtın' oqshaw jaylasqanlıg'ına baylanıslı jan'a da'wirdin' etnografiyalıq mag'lıwmatları boyınsha ma'deniyattın' ulıwma ko'rinisin su'wretlew mu'mkin.

Yaganlar ha'm alakoluflar balıq awlag'an, mollyuskalar ha'm krablar (ten'iz shayanı) tergen ten'iz haywanları ha'm quslardı awlag'an. Qurg'aqlıqta tamırlar, jiydekler ha'm zamarrıqlar tergen. Baslı an'shılıq quralları nayzalar ha'm garpunlar bolg'an. Tastan ha'm su'yekten jasalg'an ushları bar oqjaylar, sonın' menen qatar tas laqtırıwshı qurallar bar. An'shı iytler paydalanılg'an. balıq awlawda toqılg'an torlar yamasa qarmaqlar isletilgen. Mollyuskalar ha'm krablardı teriwde ushları u'shkir ag'ash qurallar isletilgen. Pıshaqlar, qırg'ıshlar, bizler ha'm t.b. baqanshaqlar ha'm su'yekten jasalg'an. Tas qurallar og'ada az-uzınlıg'ı 6 metrge jetetug'ın qayıqlardı terek qabıqlarınan tikken. Bunday qayıqlar og'ada ko'p miynetti talap qılsa da ko'pke shıdamag'an. Turaq jaylar ag'ash bo'renelerinen yamasa shaqalarınan salınıp, qısta tyulen terileri menen, jazda qabıqlar, japıraqlar menen bastırılg'an. Turaqjaylar kishi-girim bolıp, ortasında mudamı ot saqlag'an. Tyulen yamasa qundız terilerinen kiyim tigip kiygen. Awqattı quwırıp yamasa otqa ku'ydirip jegen, biraq olar endi suwdı qattı qızg'an taslardı salıp ısıtıp bilgen. Idıslardı baqanshaqlardan, tu'yequs ma'yeklerinen, ag'ashtan, su'yekten jasalg'an. Toqılg'an sebet ıdıslardan paydalang'an.

**2. Ja'miyetlik qatnasıqlar**

Erte urıwlıq du'zim dawamındag'ı islep shıg'arıwshı ku'shlerdin' rawajlanıw da'rejesi ko'pshilik bolıp miynet etiwdi talap etetug'ın edi. Son'g'ı paleolitte Evraziyanın' muzlıq a'tirapı walayatlarında mamont ha'm ju'nli karkidon sıyaqlı iri h'aywanlardı, ha'mme jerde ken' tarqalg'an at, o'giz, suwın sıyaqlı padalı haywanlardı qamap awlaw, tor menen balıqshılıq qılıw, turaq jaylar ha'm qayıqlar sog'ıw-bulardan ha'mmesi mudamı yamasa ko'binshe ja'ma'a'ttin' birlesken ku'shin talap etken.

Bunnan tısqarı o'zlestiriwshi xojalıq na'tiyjelerin aldın-ala boljaw mu'mkin emes edi. Onın' gez-kelgen tarawı birde tabıslı, birde sa'tsiz bolıp ja'ma'a'tti o'nim menen ta'miyinley almag'an. Sol sebepli jekke miynet etken jag'dayda da birewlerdin' sa'tsizligin ekinshi birewdin' tabısı menen tabıwg'a tuwra kelgen.

Pu'tkil urıwdın' tapqan oljasının' a'dette tirishilik etiwge jeter-jetpes ko'lemde bolıwı da ja'ma'a't ag'zalarının' birlesip ha'reket etiwin talap eter edi. Sol sebeplerge baylanıslı erte urıwlıq du'zim ushın qa'wimlik menshik ha'm ten'dey

bo'listiriwshilik za'ru'r edi.

Shaması, en' aldı menen baslı o'ndiris quralı-jer yag'nıy, ishinde an'shılıq, balıqshılıq ha'm terimshilik obektleri bar, miynet quralları, u'y buyımları ha'm t.b. jasawg'a kerekli shiykizatları bar territoriya ortalıq menshikte bolg'an. bunday ta'rtipti atap aytqanda, Avstraliya aborigenlerinde, yagonlarda ha'm t.b. ko'plegen etnografiyalıq qa'wimlerde ko'rse boladı. Biraq ayırım usınday qa'wimlerde (alakulaflar, eskimoslardın' bir bo'limi, hadzalar) jerge ulıwma menshik bolmag'an. Qon'sı toparlar birge paydalang'an.

An'shılıq ha'm balıqshılıq qılatug'ın orınlarg'a, qayıqlarg'a, turaqjaylarg'a ha'm otqa urıwlıq menshik bolg'anlıg'ı haqqında etnografiyalıq mag'lıwmatlar ko'p. Miynet qualları u'y buyımları kiyim ha'm tag'ınshaqlar jekke adamlarg'a tiyisli bolg'an. Bul jag'day arxeologiyalıq mag'lıwmatlar menen de tastıyıqlanadı. Jekke buyımlardın' onın' iyeleri menen birge qosıp ko'milgenligi haqqında arxeologiyalıq materiallar bar. (Su'ngir). Biraq Avstraliya aborigenlerinde alakaluflarda, yaganlarda, bushmenlerde tuwısqanlarg'a tiyisli zatlardı sorawsız ala beriwge ruxsat etetug'ın ta'rtipler ushırasadı. Sog'an qarag'anda jekke buyımlar da urıwdın' qa'jetin o'tewde paydalang'an.

Azıq-awqat ha'm t.b. oljalar da qa'wim menshiginde bolg'an. Ko'pshilik yamasa jeke adam ta'repinen tabılg'an olja urıw ag'zaları arasında ten'dey bo'lingen. En' oljalı tabısker ha'm basqalar menen ten'dey alg'an. Avstraliya aborigenleri qa'wimlerinde kenguru o'ltirgen an'shı hesh qanday ayrıqsha huqıqqa iye bolmag'an, bo'listiriw waqtında og'an ha'tteki go'shtin' en' nashar jeri tiyisiwi ha'm mu'mkin bolg'an. Kanada eskimoslarında oljalar ulıwma bo'listirilmegenligi, ko'pshilik bolıp awqatlanıw da'stu'r ekenligi haqqında mag'lıwmatlar jazıp qaldırılg'an.

Ja'ma'a'tda artıqsha o'niminin' payda bolıwı menen almasıw payda boladı. Ha'r tu'rli urıwlar bir-birin o'zlerinin' ta'biyiy ortasının' baylıqları menen ta'miyinlegen, ma'selen, tas ha'm ag'ashtın' bahalı sortları, baqanshaqlar, boyaw, ha'm t.b. Arxeologiyalıq mag'lıwmatlar Kavkaz obsidieninin' Sibirde, Baltıq boyı yantarının' Rossiyada, ten'iz baqanshaqlarının' Evropanın' ishki rayonlarında barıp jetkenliginen derek beredi. (son'g'ı paleolit). Mezolit da'wirinen baslap tayar buyımlar almasıw payda boladı. Avstraliya aborigenlerinde miynet qualları, qarıw, tag'ınshaqlar jasaw boyınsha qa'nigeler bolg'an.

Ele almasıw ekvivalentleri bolmag'an, almasıwlar sawg'a tu'rinde a'melge asırılg'an. Shiyki zat yamasa tayar o'nimlerdi almasıw pu'tkil ja'ma'a't ha'm ayırım adamlar ta'repinen a'melge asırılg'an. Almasıw operatsiyalarının' a'detke aynalıp barıwı sotsiallıq baylanıslardın' ken'eyip ha'm bekkemlesip barıwına ta'sir etken. A'dette almasıw bayramlar ha'm otırıspalar aylanatug'ın edi.

Urıwlıq ja'ma'a't ag'zalarının' birlesip miynet etiwi og'ada a'piwayı bolıp, miynettin' ja'miyetlik bo'listiriliw tu'rleri ele payda bolmaydı. Sog'an qaramastan islep shıg'arıw ta'jiriybesinin' o'sip barıwı xojalıqta qa'nigelesiwdi bunnan arı teren'lestiredi. Alg'ashqı pada da'wirinde payda bolg'an miynettin' jınıs ha'm jası boyınsha bo'liniwi ja'ne de rawajlandı. Erkekler, ko'binshe an'shılıq, balıqshılıq, al hayallar jıynap-beriwshilik penen ha'm u'y jumısları menen, balalar ha'm qariyalar

olarg'a ja'rdem beriw menen shug'ıllang'an.

Jasqa ha'm jınısqa qarap miynettin' ta'biyiy bo'listiriliwi ha'm og'an baylanıslı xojalıq jumısının' qa'nigelesip barıwı erte urıwlıq ja'ma'a'ttin' pu'tkil ja'miyetlik o'mirine o'zgeris engizdi. Olardın' tiykarında ayrıqsha jınıslıq-jaslıq toparlar qa'liplese baslaydı. Bular eresek erkekler ha'm hayallar, jasu'lkenler ha'm balalar toparları bolıp, olardın' o'zine jarasa minnetleri ha'm huqıqları, ja'miyette belgili orınları bolg'an. Ayırım ja'miyetlerde olar ra'smiy sıpatqa iye bolmasa, ol basqalarında belgili da'rejede ra'smiy tu's alg'an. Son'g'ılarında jas o'spirimler toparınan u'lken jastag'ılar qatarına qosılıw shegarasına ayrıqsha itibar berilgen. Ol belgili sınawlar ha'm saltanatlı qupiya salt-da'stu'rler tu'rinde o'tkerilgen. Ha'r tu'rli qa'wimlerde initsiatsiya birdey bolmag'an. Biraq olardın' tiykarg'ı mazmunı a'dette jaslardı xojalıq ja'miyetlik ha'm ideologiyalıq o'mirge tartıwdan ha'm olardı qa'wimnin' tola huqıqlı ag'zalarına aynaldırıwdan ibarat bolg'an.

Avstraliya aborigenlerinde jas jigitti an'shılıq ha'm a'skeriy qarıwdı men'geriwge u'yretken onı batırlıqqa shıdamlılıqqa ustamlılıqqa ha'm ta'rtipke u'yretken, onı urıwdın' a'detleri, da'stu'rleri, ha'm diniy isenimleri menen tanıstırg'an. Onı birqatar azaplı sınawlardan ashlıq, jaraqatlaw ku'ydiriw, tislerin sındırıw, shashların julıw ha'm t.b. o'tkeredi. Yaganlar, alakaluflar, bushmenlerde jas o'spirimler bir-eki jıl dawamında awır jumıslardı orınlawı, ayırım awqat tu'rlerininen bas tartıwı, o'zlerin shıdamlılıqqa juwaslıqqa ha'm ta'rtipke tayarlawı tiyisli bolg'an. Qız balanı a'dette awır sınaqlardan o'tkermegen. Onın' tek ayırım awqat tu'rlerin jewine tıyım salg'an, nekege tayarlang'an, qosıqlar ha'm a'psanalardı u'yretken ha'm ayırım diniy u'rp-a'detlerdi a'melge asırg'an.

Ja'ma'a't ag'zalarınan erler ha'm hayallar toparlarınan ayqın ko'zge taslanadı. Bul olardın' ayırım waqıtları bo'lekleniwin keltirip shıg'aradı. Geypara qa'wimlerde olar bir-birinen bo'lek jasap, bo'lek awqat tayarlap, o'zlerinin' jasırın a'det-g'urınlarına iye bolg'an, ha'tteki bir-birinen qupiya «tilleri» de bolg'an.

Erkekler ha'm hayallardın' o'zlerine tiyisli ma'jbu'riyatları hm jen'illikleri bolg'an. Olardın' miynet quralları tek o'zlerinin' mu'lki bolg'an. Ayırım qa'wimlerde tek boydaqlar ha'm qızlar bo'lek-bo'lek jasag'an (Avstraliya aborigenleri, semangler, bushmenler), biraq olardın' a'psanalarında erkekler ha'm hayallardın' ayırım jasag'an da'wiri haqqında eske alınadı. Geypara qa'wimlerde jıynalıw ha'm ha'r tu'rli da'stu'rlerdi a'melge asırıw ornı xızmetin atqarg'an ayrıqsha erler u'yleri payda bola baslaydı. Biraq olardın' ken' tarqalıwı urıwlıq du'zimnin' kelesi basqıshına tuwra keledi.

Urıwdag'ı jınıslıq ha'm jaslıq sho'lkemler hayallar ha'm erkekler arasında ten'sizlik qatnasların keltirip shıg'armadı. Ma'selen, Avstraliya aborigenlerinde koloniallıq da'wirden son' ha'm hayallar uzaq waqıt dawamında o'zlerinin' burıng'ı ten' huqıqlılıg'ın saqlap qaladı. Olar mu'lk, miyrasqorlıq huqıqlarına iye bolg'an, ja'miyetlik ma'selelerdi sheshiwde ja'miyetlik a'njumanlarda erkekler menen ten'dey qatnasqan. XIX a'sir aqırındag'ı izertlewshiler L.Fayson ha'm A.Xauittin' so'zlerine qarag'anda olar ja'miyetlik pikirge aytarlıqtay ta'sir ko'rsetken.

U'lken jastag'ılar arasında ayrıqsha toparlardın' bolg'anlıg'ı haqqında ma'sele biraz tartıslı Avstraliya aborigenlerinde aqsaqallardın' abıroylı qatlamı-urıw baslıqları anıq bo'linedi. Usıg'an ha'm basqa da uqsas qa'wimlerge qarap ayırım

ilimpazlar usı basqıshtın’ o’zinde gorontokratiyanın’ bolg’anlıg’ın aytadı. Biraq erte urıwlıq ja’ma’a’tlar, kaledomografiya mag’lıwmatları boyınsha, ayrıqsha qatal ta’biyiy ortada jasag’an, urıw ag’zalarının’ qırıqqa eliwge shıqqanları og’ada siyrek bolg’an. Ha’r tu’rli qa’wimlerde saqlanıp qalg’an gerontitsid da’stu’ri sol waqıtta da bolg’an bolıwı kerek. Miynetke jaramsız qariyalardan ashlıqtan ha’lsiregen kesellerdi bag’ıwg’a shaması kelmeytug’ın balalarınan ha’m usınday o’ltiriw jolı menen qutılg’an. Solay etip, erte urıwlıq ja’ma’a’t ten’ler ja’ma’a’sı bolg’an, biraq bul tirishilik ushın ayawsız gu’res sharayatında tek miynet etip islep shıg’arıwg’a jaramlı ag’zalardın’ g’ana ten’ligi bolg’an.

**3. Neke ha’m shan’araq.** Urıwlıq sho’lkemnin’ ha’m og’an ta’n bolg’an duallıq ekzogamiyanın’ payda bolıwı menen alg’ashqı ja’miyette neke, yag’nıy jınıslar arasındag’ı qatnasıqlardı ta’rtiplestiriwshi ayrıqsha sotsiallıq institut payda boldı. Bir waqıttın’ o’zinde, al basqa ko’z-qaras boyınsha biraz keyinirek erli-zayıplılar ha’m ata-analar menen balalar arasındag’ı qatnasıqlardı ta’rtiplestiriwshi shan’araq institutı payda boldı. Nekenin’ da’slepki tu’ri haqqındag’ı ma’sele boyınsha eki tu’rli ilimiy tu’sindiriw bar. Birinshisi boyınsha da’slep toparlı neke, tek keyinirek jekke neke ha’m jeke shan’araq tu’rleri payda boladı. Ekinshisi boyınsh a’wel bastan jup neke ha’m jekke shan’araq bolg’an ha’m rawajlanıw barısında ha’r tu’rli ko’rinislerge iye bolg’an.

Toparlı neke haqqındag’ı ko’z-qaras birinshi bolıp L.G.Morgan tiykar salg’an. Ol shan’araqtın’ izinen biri payda bolg’an bes tu’rin ajıratadı: **qanlas-tuwısqanlıq, punalualıq, juplı, aralıq patriarxallıq ha’m monogamlı.** Da’slepki ekewi toparlı nekege tiykarlang’an. Bul sxemanı L.G.Morgan Gavay qa’wimlerinin’ tuwısqanlıq qatnasıqları haqqında etnografiyalıq mag’lıwmatlarg’a tiykarlanıp du’zgen edi.

Toparlı neke kontseptsiyası ta’repdarları tuwısqanlıqtın’ go’ne sistemaları ha’m saqlanıp qalg’an bir qatar Morgan-etnogr.mag’l. Polineziya-Gavay aralları-Gavay Malayya neke-shan’araq da’stu’rlerinin’ analizine tiykarlanadı.

Tuwısqanlıqtın’ eki tu’rli siteması bar: klassifikatsiyalıq ha’m su’wretlew sistemalarında tuwısqanlardın’ ha’r biri ushın terminler bar-»ata», «ana», «ul», «qız» ha’m t.b.

Alg’ashqı ja’miyetke ta’n klassifikatsiyalıq sistemalarda bug’an kerisinshe, belgili bir jastag’ı hayallar ha’m erkeklerdin’ barlıg’ı bir termin menen ataladı. Usınday sistemalardın’ en’ a’yyemgilerinin’ birewi bolg’an. «Ego» sistemalarında balası a’kesi qatarındag’ı erkeklerdi terminologiyalıq jaqtan ajıratpay aytadı yamasa anası qatarındag’ılardı. Ma’selen, avstraliyalıq aborigen, «ana» dep tek o’zinin’ anasın emes, al anası qatarlı turmısqa shıqqan hayallardın’ barlıg’ın atag’an; hayallar bolsa «erim» dep urıwdag’ı pu’tkil u’ylengen erkeklerdi, «ulım» dep urıwdag’ı barlıq o’zi qatarlı hayallardın’ balaların atag’an. Bunday sistema, ilimpazlardın’ pikiri boyınsha, toparlı shan’araqta, yag’nıy shan’araq ag’zaları o’zinin’ balaları menen tuwısqanlarının’ balaların ajıratpay qarag’an da’wirde payda bolg’an. Bul, a’lbette, adamlar o’zlerinin’ en’ jaqın tuwısqanların bilmegen degen mag’ananı bildirmeydi, biraq olar biologiyalıq jekke-daralıqtı emes, al sotsiallıq toparlıq tuwısqanlıqtı joqarı qoyg’an.

Toparlı nekeni tariyxıy rekonstruktsiyalaw ushın tiykar xızmetin atqaratug’ın ekinshi bir da’lildi qa’wimlerde saqlanıp qalg’an neke shan’araq institutlarının’

ayırım ta'replerinde ko'riw mu'mkin. Atap aytqanda, olar Avstraliyanın' aborigenlerindegi neke sistemasında bar. Batıs Viktoriyanın' avstraliyalıqlarında qa'wim eki bo'limge bo'lingen-Aq ha'm Qara kakadug'a ha'r qaysısının' ishinde jınıslıq qatnaslarg'a tıyım salıng'an; sonı menen qatar ha'm birinin' er adamları ekinshi birinin' hayallarının' ku'yewleri ha'm kerisinshe bolg'an. Usıg'an uqsas toparlıq nekenin' biraz shiyelenisken sisteması-to'rt yamasa segiz neke klassları basqa avstraliyalıqlarda da bar. Bul olarda erkekler ha'm ko'rsetpeydi. Biraq olar o'zlerinin' belgilengen klasstan ku'yew yamasa hayal tan'lap alg'an. Avstraliyalıqlarda toparlıq nekenin' basqa qaldıg'ı- «pirrauru» yamasa «piraungaru» institutı saqlanıp qalg'an, yag'nıy erkekler ha'm hayallar o'zlerinin' tiykarg'ı zayıplarınan basqa qosımsha erler ha'm hayallarna iye bolg'an. Usınday da'stu'rler Malakkanın' semang qa'wimlerinde saqlanıp qalg'anlıg'ı belgili.

İlimpazlardın' ekinshi bo'limi nekenin' da'slepki tu'ri toparlıq ekenligi haqqındag'ı kontseptsiyanı tiykarsız dep esaplaydı. En' artte qalg'an qa'wimlerdin' o'zinde neke ha'm shan'araqtın' bolıwı usı kontseptsiya ta'repdarlarının' tiykarg'ı da'lili esaplanadı. L.Fayson nekenin' da'slepki tu'rin duallıq-urıwlıq toparlıq neke bolg'an dep esaplasa da, toparlıq nekeni ko'p erlilik yamasa ko'p hayallılıq sıpatında emes, al eki topardın' bir-birin ku'yewler ha'm hayallar menen ta'miyinlep turıwın tu'sinedi. Solay etip, da'slepki neke juplı-toparlı bolg'an bolıwı kerek.

Da'slepki nekenin' jaylasıw orını haqqındag'ı ma'sele de ele tartıslı. Toparlı neke ideyası ta'repdarları onı dislokallıq bolg'an, yag'nıy erli zayıplılar bul da'wirde birge turmag'an, al o'z urıwlarında jasawın dawam etken, nekelik qatnasıqlar bolsa o'z-ara ushırasıwlar menen sheklengen dep esaplaydı. Haqıyqattan ha'm etnografiyada nekelik ushırasıwlardın' bunday tu'ri belgili. (seriler, papuaslardın' ayırım toparlarında; amazonkalar haqqındag'ı h.t.b. miflerde eske alınadı). Jekke nekenin' birinshiligi ideyası ta'repdarları onı a'wel bastan ol unilokallıq bolg'an ha'm shan'araq neke menen bir waqıtta payda bolg'an dep esaplaydı. Olar dislokallıq basqa sebeplerge baylanıslı dep boljaydı. (jınıslar arasında miynettin' bo'listiriliwine ha'm t.b. baylanıslı).

Etnografiyalıq qa'wimlerdin' en' artta qalg'anlarında matrilokallıq yamasa uksorilokallıq ha'm ha'tteki ko'birek patrilokallıq yamasa virilokallıq nekeni ushıratamız Miynettin' bo'listiriliwinin' baslanıwına baylanıslı matrilokallıq neke ayırım waqıtları patrilokallıq tu's alg'an ha'm ambilokallıq nekege aynalg'an.

Neke du'ziwdi ta'rtiplestiriwdin' qanday qag'ıydaları bolg'an. Da'slep duallıq-urıwlıq ekzogamiya arqalı, keyin duallıq-fratriallıq ekzogamiya ta'rtibi bolg'an etnografiyalıq qa'wimlerdin' en' artta qalg'anı ushın ko'birek duallıq fratriallıq ekzogamiyanın' eki ta'repleme kross-kuzenlik neke tu'ri ta'n. Erkekler o'zlerinin' dayılarının' qızlarına ha'm o'zlerinin' jiyen apalarının' qızlarına u'ylengen. Ekzogamiya qag'ıydası saqlang'an tu'rde a'melde nemereles, sho'bereles ha'm t.b. Uzaq ag'a-qarındaslar nekege otırg'an. Bunday nekeler og'ada qolaylı bolıp, bir-birin ku'yew yamasa kelin menen ta'miyinlep turg'an. Usınday da'stu'r, atap aytqanda Avstraliya aborigenlerinde saqlanıp qalg'an.

Geypara ja'miyetlerde kross-kuzenlik nekenin' basqa bir tu'ri-bir ta'repleme neke payda bolg'an. Bunday da'stu'r boyınsha bir fratriyanın' ishinde bir urıw ekinshi urıwdan, ekinshi urıw u'shinshi urıwdan al u'shinshi urıw to'rtinshi

urıwdan kelin tu'sirgen. Bunday nekeler Qubla-Shıg'ıs Aziyanın', Qubla Amerikanın' bir qatar qa'wimlerinde tarqalg'anlıg'ı ma'lim.

Sonın' menen qatar ja'miyettegi belgili bir toparlar arasında nekelik baylanıslardı boldırmaw mexanizmleri qa'liplesip barg'an. Olardın' arasında en' a'hmiyetlisi usınday adamlar ortasındag'ı baylanıslarg'a tıyım salıw da'stu'ri boldı. Avstraliya aborigenlerinde ag'a menen qarındaslar ha'm a'sirese ku'yew bala menen qa'yin ene arasında so'ylesiwler bir-birine jaqınlasıw ayıp esaplang'an.

Juplı-toparlı nekenin' ayrıqsha belgisi onın' belgili bir da'rejede amorflılıg'ı ha'm bekkem bolg'an shan'araqta ishki ekonomikalıq baylanıslar og'ada ha'lsiz bolg'an. Birinshi gezekte bunday nekenin' juplılıg'ının' o'zi onsha anıq emes edi. Ha'r tu'rli ja'miyetlerde jup neke menen birge ha'r tu'rli nekelik qatnasıqlar da'stu'r bolg'an. Avstraliyalıqlarda pirauru, ayırım basqa xalıqlarda poliginiya, sonın' ishinde sororat tu'rinde-bir-neshe apa-sin'liler menen neke, keyinirek qaza tapqan hayalının' sin'lisine u'yleniw ha'm levirat-o'lgen ag'asının' yamasa inisinin' hayalına u'yleniw sıyaqlı da'stu'rler tarqalg'an. Sonın' menen bir qatarda poliandriya ha'm ushırasıp turg'an.Bunday nekege tiykarlang'an shan'araq belgili bir ulıwma ma'pke iye bolmag'an. Ol urıwlıq-ja'ma'a't sho'lkemine qarsı tura alatug'ınday o'z betinshe bekkem sho'lkem emes edi. Erler ha'm hayallar ko'binshe bo'lek miynet etken ha'm o'z miynetinin' o'nimlerinen bo'lek paydalang'an. Ulıwma shan'araqlıq menshik ele bolmag'an. Solay etip, shan'araq birge xojalıq ju'rgizbegen. Erli zayıplılardın' ha'r biri ha'm onın' balaları birinshi na'wbette o'z urıwının' ag'zaları bolıp qalıwın dawam etken.

## Tema: Rawajlang'an urıwlıq qa'wim basqıshı.

1. O'ndiris ku'shlerinin' rawajlanıwı.
2. Urıwlıq du'zimnin' ko'rkeyiwi.

1. **O'ndiris ku'shlerinin' rawajlanıwı.** Rawajlang'an urıwlıq du'zim mezolit da'wirinin' aqırı ha'm neolit da'wirine sa'ykes keledi. Neolit tas a'sirinin' joqarg'ı ha'm son'g'ı basqıshı bolıp, onın' xronologiyalıq shegaraları b.e.sh. VII-IV mın' jıllıqlar.

Neolit da'wirindegi ıqlım, flora ha'm fauna ha'zirgi zamang'ıg'a jaqın bolg'an. Bul da'wirde bir qatar iri o'zgerisler ju'z beredi. Jer sharının' ko'pshilik rayonlarında xojalıqtın' o'nimdar tu'rlerine o'tiledi, gu'lalshılıq ha'm toqımashılıq payda boladı. Miynet qurallarının' a'dewir jetilisken qa'nigelesken tu'rleri oylap tabıladı. Keli-kelsap, oraq, digirman, ketpenler ken' tarqaldı. Olardın' arasında a'sirese balta u'lken a'hmiyetke iye boldı. Ol tereklerdi shabıwda, olardan bo'reneler jasawda turaq jay qurıwda, an'shılıq, ushın, qayıq, shana jasawda paydalanıladı.

Neolit da'wirinde miynet qualların jasaw ushın jan'a shiykizat tu'rlerinen (diorit, nefrit, yashma) paydalanılıp baslandı. Ol shaqmaq tastın' jer betindegi qorı ko'p rayonlarda tawsılg'anlıg'ına baylanıslı onı jer astındag'ı teren'liklerden alıw usılı oylap tabıldı. Angliya, Frantsiya, Belgiya, Rossiyada usınday shaxmaq tas

ka’nleri qazıp alıng’an a’yemgi shaxtalar izertlendi. Olarda kiyiklerdin’ shaxlarınan islengen miynet quralları, shamlar tabılg’an.

Neolit da’wirinin’ en’ iri texnikalıq jetiskenliklerinin’ biri- gulalshılıqtın’ payda bolıwı. Bul da’wirge tiyisli elatlardag’ı en’ ko’p ushırasatug’ın tabılma - bul keramika. (grek til. Keramas-ılay). Ol Jaqın Shıg’ıstın’ bir qatar esteliklerinin’ to’mengi qatlamlarında joq (Djarmo, Ras-Shamir, Chatal-Guyuk, Xosilar, Kirakitiya ha’m t.b.) Bul basqıshtı arxeologlar «keramikag’a shekemgi neolit» dep ataydı. Gulal ıdıslardan paydalanıp azıq-awqat quramının’ ken’eyiwine, onı tayarlaw ha’m saqlaw usıllarının’ jaqsılanıwına, suyıq awqatlardı saqlawg’a mumkinshilik berdi.

Bul da’wirde jip iyiriw ha’m toqımashılıqtın’ a’piwayı usılları payda boldı. Ol da’slep o’riwden baslang’an. Sebet, alasha, tor, qalta, ayaq kiyim, bas kiyim t.b. toqılg’an. O’rip toqıwda qamıs, shash, teri qıyıqları, o’simlik talshıqları paydalanılg’an. O’simlik talshıqların da’slep qoldan, keyinirek urshıqlarda iyirgen. Jiplerdi jabayı zıg’ır, kendir, ma’jnu’ntal talshıqlarınan, ju’nnen iyirgen.

Neolit da’wirinde xojalıqlardın’ rawajlanıw bag’darı ha’m o’zgerdi. An’shılıq, balıqshılıq ha’m terimshilik jetilisip bardı ha’m a’dewir uyımlasqan da’rejege eristi. Ayırım rayonlarda balıqshılıqtın’ rawajlanıwı onın’ an’shılıqqa qarag’anda a’hmiyetinin’ joqarılawına, jabayı o’simliklerdi teriw a’piwayı diyxanshılıqqa o’tiwge alıp keldi, haywanlardı qolg’a u’yretiw ja’ne de dawam etti.

Erte neolitte jer sharının’ ko’plegen rayonlarında shoshqa, qoy, eshki, mumkin qara mal u’y haywanına aylang’an.

Qolg’a u’yretilgen mallar adamlardı go’sh, may, su’t penen ta’miyinlegen. Olardın’ su’yekleri miynet qualları, uy-ruwzıgershilik buyımları ushın, ju’ni, terisi kiyim-kenshek ushın shiyki zat xızmetin o’tegen. Bunnan tısqarı olar ju’k tasıw, atız jumıslarında paydalanılg’an.

Diyxanshılıqtın’ payda bolıwı haqqındag’ı ma’sele ha’zirge shekem tartıs tuwdırmaqta. İlimpazlardın’ bir bo’limi diyxanshılıq da’slep aldın’g’ı Aziyada payda bolıp, ol jerden pu’tkil du’nyag’a tarqalg’an. (monotsentrizm teoriyası) dep esaplasa, ekinshi bo’limi ko’plegen aymaqlarda diyxanshılıq o’z betinshe kelip shıqqan (politsentrizm) deydi. Arxeologiyalıq, paleobotanikalıq materiallar ko’birek politsentrizm teoriyasın qollap quwatlaydı. En’ a’yemgi diyxanshılıq daqılları bolıp tarı, arpa, biyday, gu’rish esaplandı. En’ a’yemgi diyxanshılıq quralı ushı u’shkirlengen tayaqsha bolıp, ol terimshilikte ken’ paydalanılg’an. Keyinirek ushı tegislengen (bunnan bel payda boladı) tayaqsha ha’m ketpen payda boladı. Basında ketpen ushı ko’plegen a’piwayı tayaqsha tu’rinde bolıp, keyinirek og’an u’shkirlengen tas, yamasa su’yekten, shaxtan jasalg’an ush baylang’an. Ketpen en’ ken’ tarqalg’an qural bolg’anlıg’ı sebepli erte diyxanshılıq ketpen diyxanshılıg’ı dep ha’m ataladı. Erte diyxanshılıq elatları Aldın’g’ı Aziyada tabılıp izertlengen (Chatal - Guyuk, Djarmo, İerixan ha’m t.b. VII-VI mın’ jıllıqqa).

**2. Urıwlıq du’zimnin’ ko’rkeyiwi.** Etnografiyalıq derekler son’g’ı mezolitte rawajlang’an urıwlıq qa’wimlik sho’lkemnin’ qa’nigeleskenligin ha’m onın’ neolit da’wirinde gu’llep jaynag’anlıg’ın ko’rsetedi. Mezolit da’wirinde qa’wim bir neshe urıwdan turıp, olar arasındag’ı baylanıs shiyelenisedi. Miynettin’ ta’biy bo’liniwshiligi anıq tu’s aladı. Biraq hayallar menen erler ja’miyette ten’dey orın

tutqan.

Ja’miyet jasına qaray u’sh toparg’a bo’lingen: qa’riyalar, u’lken jastag’ılar, balalar. Ha’r bir topar o’zlerinin’ huqıqlarına ha’m ma’jburiyatlarına iye bolg’an. Ma’selen, balalar urısta qatnaspag’an, jıynalısta dawısqa iye bolmag’an, qariyalar da’stu’rlerdin’ saqlanıwın qadag’alag’an, diniy ma’resimlerdi basqarg’an.

U’lkenler qatarına qosılıw belgili ritual menen o’tkizilgen. İnitsiatsiya - (lat iniziasic bag’ıshlaw) bul jas o’spirimlerdi oqıtıw ritualı. Onda jas o’spirimler miynet ta’jiriybelerine, ilimiy bilimlerge iye boladı, urıwlıq da’stu’rler, a’psanalar, qupıyalar, diniy isenimler, ayaq oyın ha’m qosıqlar menen tanısadı. Son’ında shıdamlılıq boyınsha sınaqtan o’tedi. İnitsiatsiyadan o’tkenler urıwdın’ qıyın o’mirine tayar dep esaplang’an. Olardın’ turmıs qurıwına ruxsat berilgen.

Neolitte urıwlar fratriyag’a qa’wimge ha’m birlesken. (grekshe fratia-tuwısqanlıq). Da’slepki qa’wimler awqamı payda bolg’an. Fratriya bir anadan do’regen urıwlardın’ birlespesi. Qolaylı sha’rayatlarda ha’m ekzogamiyalıq neke ta’rtibinde urıwlardın’ sanı ko’beyip ketedi. Bir jerde azıq-awqat tawıp ku’n ko’riw qıyınlasqanlıg’ı sebepli, olardan jaqın tuwısqan toparlar bo’linip shıg’ıp jan’a urıwdı payda etedi. Jan’a bo’linip shıqqan topar jan’a jerge iyelik qılg’anı menen o’zlerinin’ anasının’ urıwı menen ekonomikalıq baylanısların, u’rp-a’det, til, da’stu’rlerin saqlap qaladı. Erte fratriyalar ekzogamiyalıq bolsa, son’g’ıları endogamiyalıq bolg’an.

## Tema: Alg’ashqı ja’miyet du’ziminin’ ıdırawı ushın ekonomikalıq sha’rt-sharayatlardın’ payda bolıwı

1. O’nimdar xojalıqtın’ rawajlanıwı.
2. Metalldın’ o’ndiriske engiziliwi.
3. O’nermentshiliktin’ rawajlanıwı

**1. O’nimdar xojalıqtın’ rawajlanıwı.** Alg’ashqı ja’miyet ıdırawı protsessinin’ tikkeley sha’rt-sha’rayatı bul turaqlı tu’rde artıqsha o’nimnin’ payda bolıwı edi. Turaqlı artıqsha o’nimnin’ payda bolıwı o’ndiristin’ ha’r tu’rli tarawlarındag’ı o’sip-o’niwge baylanıslı edi. Bul jerde, a’sirese, o’nimdar xojalıqtın’ rawajlanıwı, metallurgiyanın’ payda bolıwı ha’m o’nermentshiliktegi jetiskenlikler u’lken rol oynadı.

Neolit da’wirinde payda bolg’an o’nimdar xojalıq eneolit ha’m bronza da’wirinde rawajlanıwın dawam etti. Diyxanshılıqtın’, kompleksli diyxanshılıq-sharwashılıq xojalıg’ının’ ha’m sharwashılıqtın’ ha’r tu’rli sistemaları qa’liplesti.

Diyxanshılıqta almaslap egiw, jan’a jerlerdi o’zlestiriw, suwg’armay egiw, qoldan suwg’arıp egiw ha’m t.b. tu’rleri rawajlandı.

Olardın’ mu’mkinshilikleri ha’r tu’rli bolıp, ko’p na’rse tek ta’biyiy sharayatlar emes, sonın’ menen qatar agrotexnika da’rejesine ha’m baylanıslı boldı.

Ko’pshilik jerlerde (Batıs ha’m Oraylıq Aziya, Evropa) ketpenli diyxanshılıqtan ko’lik qosıp jer su’riw eginshiligine o’tiledi, bunda da’slep ag’ash miynet quralı-gu’ndelerden ken’ paydalanılg’an. Og’an tas, keyinirek bronza tis ornatılg’an. Bul maslama jer su’riwdi an’satlastırıp, miynet o’nimdarlıg’ın asırg’an.

Diyxanshılıqtın' rawajlanıwı jıynalg'an zu'ra'a'ttin' bir bo'limin mal ushın jem sıpatında paydalanıwg'a mu'mkinshilik bergen ha'm sonın' menen sharwashılıqtın' rawajlanıwına ta'sir ko'rsetken. Eski du'nyanın' ko'p aymaqlarında ha'm Qubla Amerikanın' ayırım wa'layatlarında diyxanshılıq kompleksli xojalıq, yag'nıy diyxanshılıq-sharwashılıq xojalıg'ı tu'rinde rawajlandı. Padanın' quramı jergilikli ta'biyiy sha'rayatlardın' o'zgesheligine ha'm sol jerde qa'liplesken da'stu'rge baylanıslı boldı. Ma'selen, neolit dawamında bir wa'layatlarda mayda qaramal, ekinshi birewlerinde-iri qaramal, al basqalarında shoshqa bag'ıw basım bolg'an. En' a'yyemgi sharwashılıq xojalıg'ında ko'binese maldı ku'ndiz jayıp, tu'nde arnawlı qoralarda qamag'an. Tek ayırım qurg'aqshılıq rayonlarında padanı jazda uzaq jaylawlar shıg'arg'an.

Mal-sharwashılıg'ın bunnan arı rawajlanıwı menen su't ha'm ju'n sharwashılıg'ı payda boldı. Ju'n toqımashılıg'ının' tarqalg'anlıg'ı haqqındag'ı mag'lıwmatlar og'ada ko'p. Ju'n gezlemeleri Evropada eneolit-bronza da'wirlerinde belgili bolg'an. Qubla Tu'rkmenstandag'ı Altın-depede (III m.j. birinshi yarımı) ha'm ju'nnen toqılg'an gezlemeler qaldıqları tabılg'an.

Eski Du'nyanın' bir qatar wa'layatlarında at, tu'ye, eshek sıyaqlı jan'a haywan tu'rlerinin' qolg'a u'yretiliwi ayrıqsha a'hmiyetke iye boldı. A'yyemgi diyxanlar ha'm sharwalardın' padalarında iri qara maldın' bolıwı, ha'm joqarıda aytılg'an mallardın' payda bolıwı ko'lik mashqalasın a'dewir jen'iletti. Eginshilik ha'm sawda o'nimlerin tasıw sonın' menen qatar maldı jaylawlatıw transport tu'rlerin jetilistiriwdi talap etken. Da'slepki waqıtları awır ju'klerdi tasıwda qayıqtan basqa adamlar ko'lik sıpatında qoy ha'm eshkilerdi, son'ıraq o'gizlerdi paydalang'an. O'gizlerdin' en' a'yyemgi su'wretleri neolit da'wirinen belgili (Saxara) Shıg'ıs Kashmirde ha'm Batıs Tibette qoy ha'm eshki ha'zirgi ku'nge shekem ju'k tasıwda paydalanıladı. Eneolit da'wirinde do'n'gelekli arbalardın' payda bolıwı menen transport tarawında haqıyqıy awdarıspaq ju'z berdi.

Mal basının' o'siwi otırıqshı-diyxan-sharwalardın' jem resursları mug'darınan biraz ilgerilep ketedi. Na'tiyjede otırıqshı qa'wimlerdin' bir bo'limi yarım ko'shpeli diyxanshılıq-sharwashılıq xojalıg'ına o'tedi. Ko'binese qa'wimlerdin' bir bo'limi tiykarınan diyxanshılıq penen al ekinshi bo'limi-tiykarınan sharwashılıq penen shug'ıllang'an. Keyin ala sharwashılıq ushın og'ada qolaylı ta'biyiy ortada, sahra, yarım sahra ha'm sho'llerdin' shegaralarında jasawshı ko'plegen diyxanshılıq-sharwashılıq qa'wimleri ko'shpeli sharwashılıqqa o'tedi.

Usılay etip, u'y haywanlarının' ayrıqsha qa'nigelesken tu'rlerin jetilistiriw, mallardın' jan'a tu'rlerin qolg'a u'yretiw, mallardı ko'lik sıpatında paydalanıwdın' ha'm do'n'gelekli arbanın' oylap tabılıwı, diyxanshılıq etiwdin' intensivli tu'rlerinin' rawajlanıwı bir qatar jerlerde ko'shpeli sharwashılıq xojalıg'ının' qa'liplesiwine jol ashıp berdi. Bronza da'wirine kelip ko'shpeli ha'm yarım ko'shpeli sharwashılıq Batıs, Orta ha'm Oraylıq Aziyada, Arqa Qaraten'iz jag'alawında, Volga boyında, Qubla Sibir Arqa ha'm Shıg'ıs Afrikada ken' tarqaladı.

**2. Metalldın' o'ndiriske engiziliwi.** O'ndiriste birinshi bolıp paydalanılg'an metall mıs edi. Ta'biyiy mıstı salqınlay ha'm ıssılay o'n'lew, al keyinirek neolitti

aqırında mıs rudaların eritip paydalanıwg'a o'tiledi. Mıs ka'nleri og'ada siyrek ushırasıp, qımbat turg'an, al sıpatı boyınsha tastan artıqlıg'ı shamalı edi. Ol o'tkir bolg'anı menen, jumsaq bolg'anı ushın ju'zi tez jelinip qalatug'ın edi.

Bronza quralları o'zlerinin' sıpatı boyınsha mıs qurallarınan jaqsıraq bolıp, olar qattıraq, o'tkirirek, al olardı quyıw an'satıraq edi. (sebebi bronza to'men temperaturada eriydi) Biraq bronza mısqa qarag'anda da az edi, sebebi qalayı ta'biyatta ayrıqsha siyrek gezlesedi. Bunnan tısqarı o'zinin' sıpatı boyınsha da bronza quralları ha'mme waqıtta tastan zıyat emes edi. Tas tek eneolit a'sirinde g'ana emes, al klassik bronza a'sirinde de ken' paydalanılg'an.

En' erte metall qurallar o'zlerinin' ko'rinisleri boyınsha tas qurallarını qaytalaydı. Tek a'ste-aqırın adamzat jan'a materialdın' qa'siyetin o'nimli paydalanıw ushın qolaylı tu'rlerdi oylap tabadı: balta, qayla, sekira, nayza ushları, oq jay ushları ha'm t.b.

Bronza da'wirinin' anıq xronologiyalıq shegaraların ko'rsetiw qıyın. Ha'mmeden erterek, b.e.sh. 3 m.j. ortasında bronza Qubla İran ha'm Mesopotamiyada belgili boldı. Mısır ha'm Hindistanda en' a'yyemgi bronza qualları b.e.sh. 2 m.j. basında, Qıtayda b.e.sh. XVIII a'sirden ken' tarqala baslaydı. B.e.sh. 3 m.j. aqırı-2 m.j. basında bronza o'ndirisi Kishi Aziya, Siriya Palestina, Kipr ha'm Kritte tarqaladı.

Temir adamzat ta'repinen keyinirek o'zlestirildi, sebebi ol ta'biyatta taza tu'rde derlik ushıraspaydı ha'm onı qayta islew qıyın. Temirden jasalg'an en' a'yyemgi mayda buyımlar Mısırda, Mesopotamiyada, Kishi Aziyada tabılg'an (b.e.sh. 3 m.j. birinshi yarımı). Temirdi rudadan alıwdın' en' a'yyemgi usılı b.e.sh. 2 m.j. aqırında ko'p jerlerde temirden miynet quralları ha'm qarıw-jaraqlar jasaw ken' tarqaladı. B.e.sh. I m.j. basında Orta Aziyag'a, b.e.sh. V a'sirde Qıtayg'a, eramızdın' basında Hindiqıtayg'a ha'm İndoneziyag'a kirip keledi. Amerikada, Avstraliyada ha'm Tınısh Okeannın' ko'plegen atawlarında eramızdın' 2 m.j., yag'nıy bul jerde evropalıqlardın' payda bolıwı menen tarqala basladı.

**3. O'nermentshiliktin' rawajlanıwı**. Bronza ha'm temirdin' o'ndiriske engiziliwi o'nermentshiliktin' rawajlanıwına ku'shli tu'rtki boldı. Metalldan miynet qurallar, qarıw, u'y buyımları, tag'ınshaqlar jasaldı. Bronza a'siri baslanıwı menen qılısh ha'm a'skeriy arba payda boldı, sawıt-saymanlar ken' tarqaldı. Temir metall buyımlardın' tu'rlerin ko'beytti ha'm o'nermentshiliktin' ayrıqsha taraw tu'rinde rawajlanıwına jol ashtı. Temirshilik o'nermentshiliktegi da'slepki ka'sip tu'ri boldı. Keyin ala gu'lalshılıq toqımashılıq ha'm t.b. tarawlar payda bola basladı. Eneolit da'wirinde gu'lalshılıq stanoklari ha'm gu'lalshılıq oshaqları (pisiriw ushın), al bronza a'sirinde toqımashılıq stanogı oylap tabıladı. Adamzat tariyxında ekinshi ja'miyetlik miynet bo'liniwshiligi-o'nermentshiliktin' diyxanshılıqtan ajıralıp shıg'ıwı ju'z berdi.

Diyxanshılıqta, sharwashılıqta, o'zlestiriwshi xojalıq tu'rlerinde, o'nermentshilikte qa'nigelesiw miynet qurallarının' ha'm ta'jiriybelerdin' jetilisip barıwına, islep shıg'arılatug'ın o'nimnin' ko'leminin' o'siwine ha'm sıpatının' jaqsılanıwına jol ashıp berdi. İslep shıg'arıw ko'leminin' o'skenligi haqqındag'ı mag'lıwmatlar-g'a'lle qorların saqlaytug'ın shun'qırlar, u'lken gu'lal ıdıslar ha'm t.b. bronza a'siri esteliklerinde anıq ko'rinedi.

**Tema Klasslıq ja'miyet tiykarlarının' payda bolıwı.**

1. Jeke menshiktin' payda bolıwı.
2. Ja'miyette qatlamlardın' payda bolıwı.
3. Ja'miyet u'sti qurılmalarının' qa'liplesiwi.

Alg'ashqı ja'miyettin' ıdıraw da'wirinde klasslıq ja'miyettin' en' a'hmiyetli institutları -jekke menshik, mu'lki ha'm sotsiallıq jaqtan ten' emes ja'miyetlik qatlamları ha'm ma'mleket qa'liplesip bardı.

**Jeke menshiktin' payda bolıwı.** Temir miynet qurallarının' tarqalıwı diyxanshılıq, sharwashılıq, o'nermentshilikte miynet o'nimdarlıg'ın joqarılattı ha'm sol da'wir ushın progressiv bolg'an individuallıq o'ndiriske (menshiklestiriw tiykarı bolg'an) o'tiw ushın sha'rayat jarattı. Burın u'lken ja'maanın' g'ana qudreti jetetug'ın jumıslardı endi ayrım semyalardın' o'zleri orınlawg'a da qa'dir boldı. Ja'maatshılıq (kollektiv) miynetke endi za'ru'riyat qalmadı. O'ndiristin' jekkeleniwi o'z gezeginde artıqsha o'nimin payda bolıwına alıp keldi.

Da'slep jekke menshik azıq-awqat, o'nermentshilik buyımları, o'ndiris quralları ha'm qarıw-jaraq, sharwa xalıqlarında mal tu'rinde jıynala basladı. Jekke menshiktin' erterek payda bolg'an tu'rleri qatarına qullar ha'm kiredi. Almasıw ekvivalentinin' bolıwı onın' g'a'ziyne ha'm pul (zatlay) tu'rinde de jıynalıwına ta'miynlengen.

Jekke menshiktin' payda bola baslag'anlıg'ı haqqında arxeologiyalıq mag'lıwmatlar ko'p (Amrat ma'deniyatı, xalaf ha'm Ubayd, Protoelom ma'deniyatları). Bul ma'deniyatlarg'a tiyisli esteliklerde biz buyımlardın' menshik belgilerin ha'm mo'rlerdi ushıratamız. Arxeologiyalıq tabılmalar baylıqlardın' u'zliksiz o'sip barg'anlıg'ın ko'rsetedi. " g'a'ziyne ha'm qul rolin oynag'an quyımaları, miynet qualları, qarıw-jaraqlar ha'm tag'ınshaqlar eneolit, qola ha'm erte temir a'sirine tiyisli. Tabılmalar bul baylıqlardan ja'miyet ag'zaları ortasında ten' bo'linbegenligin ko'rsetedi. Ma'selen, Qıtaydag'ı İn ha'm Chjou da'wirlerindegi qa'birler bir-neshe toparlarg'a bo'linedi. Olardın' arasında qımbat bahalı buyımlarg'a iye qa'birlerden hesh na'rse qoyılmag'an qa'birlerge shekem bar. Qa'birler tek buyımları menen qurılısı boyınsha da parq qıladı. (Maykop qorg'anı b.e.sh. 3 mın'jıllıqtın' aqırı).

Etnografiyalıq mag'lıwmatlar baylıqlardın' ha'mmeden burın urıwlıq-qa'wimlik aqsu'yeklerdin' semyalarında jıynala baslang'anlıg'ın ko'rsetedi. Bul da'wirde urıw, urıw birlespelerinin' aqsaqalları, qa'wim basshıları (ko'semler) ja'miyettin' ayrıqsha qatlamı sıpatında bo'linip shıqqan edi. Da'slepki waqıtta ele urıwg'a yamasa qa'wimge tiyisli bolg'an bul baylıqlar usı aqsaqallar ha'm ko'semlerdin' olardı saqlawshı ha'm bo'listiriwshilerdin' jekke mu'lkine aylanıp bardı. Ma'selen Gazel yarım atawındag'ı melaneziyalıqlarda qa'wimge tiyisli g'a'ziyneler-baqanshaqlardın' ha'mmesinin' saqlawshıları bolg'an jolbasshılar ja'miyettin' keregine jumsawı sha'rt bolg'an, biraq o'zlerinin' maqsetlerine paydalang'an. Arqa-batıs indeetsler kvakiyutl qa'wimlerinde ko'semler urıwdın' ulıwma mu'lki bolg'an g'a'ziyne-mıs plastinalardı miyrasqa aylandırg'an. Usıg'an

baylanıslı ko'semlerdin' o'zlerinin' jekke baylıg'ı ko'beyip barg'an. Olardın' birine 4 u'lken qayıq, 4 qul, 40 qımbat baha teri ha'm t.b, ekinshi birine 4 u'lken qayıq, 6 qul, 60 teri ko'rpe tiyisli bolg'an. Biraq baylıqlar tek urıw-qa'wim aqsu'yekleri qollarında g'ana toplang'an. Qa'wimnin' qatardag'ı ag'zalarının' ishindegi miynetkeshleri ha'm isbilermenlerdin' qollarında da jıynalıp barg'an.

**2. Ja'miyette qatlamlardın' payda bolıwı.** Ma'mlekettin' payda bolıwına tikkeley qatnası bolg'an neolit revolyutsiyasının' a'hmiyetli aqıbetlerinin' biri urıwlardın' o'z-ara baylanıslarının' rawajlanıwı ha'm ja'miyet u'sti qurılmalarının' qa'liplesiwi bolg'an. Bul qurılmalardın' payda bolıwı ha'm evolyutsiyası belgili da'rejede sırtqı ta'sirsiz (o'z-o'zinen) keshken. Ma'mleketshiliktin' payda bolıwı protsessinde urıwlar ara baylanıslar ha'm sho'lkemlestiriwshi qurılmalardın' biri-qa'wimlik du'zim ayrıqsha orıng'a iye bolg'an bolıwı mu'mkin.

Bo'listiriwshilik qatnasıqları waqıtqa deyin qa'wim ken'esi ta'repinen ju'rgizilmesten ha'm qa'wim a'detleri menen emes, al urıwlıq a'detleri menen ta'rtipke salıng'an. Biraq a'ste-aqırın islep shıg'arıwshı ekonomikanın' rawajlanıwı, ishki qa'wimlik sho'lkemnin' shiyelenisip barıwı na'tiyjesinde o'z-o'zin basqarıw urıw-qa'wim shegarasınan qa'wim da'rejesine o'sip shıqqan. Artıqsha o'nimler da'slep urıwdın' ishinde ja'ne qaytarıp alıw mu'mkin bolg'an sha'rayatta ayırbaslag'an. Biraq olar a'ste-aqırın qa'wimler ara baylanıslar shen'berine tu'sip, tovarg'a aylanıp barg'an.

Ja'miyetlik o'nimnin' ko'beyip barıwı mu'lik ten'sizliginin' teren'lesiwine, sonın' menen qatar, urıw-qa'wimnin' joqarı qatlamı qolında mu'liklik ha'm sotsiallıq artıqmashlıqtın bekkemlesiwine alıp kelgen. Jan'a sha'rayatta urıwlıq lawazımlardı iyelegen urıw aqsaqallarına tek abroy ha'm ma'rtebe keltirip qalmastan, aldın'g'ı da'wirdegige qarag'anda a'dewir joqarı biyik bergen. Biraq saylap qoyiw ta'rtibi ele saqlanıp qalg'an.

Aqsaqalg'a yamasa ko'semge (jol basshıg'a) berilgen ha'm barg'an sayın ko'beyip baratırg'an mu'liklik ha'm basqa jen'illiklerdi endi olardın' biraz qıyın wazıypaları ha'm minnetleri ushın berilgen dep qaralar edi. Olardın' ma'jbu'riyatlarına ja'miyetlik islerin sho'lkemlestiriw, jer uchastkaların bo'listiriw, qon'sı urıwlar menen mu'na'sebetler alıp barıw, pu'tkil qa'wim ta'repinen islep shıg'arılg'an artıqsha o'nimdi bo'listiriw kirgen.

**3. Ja'miyet u'sti qurılmalarının' qa'liplesiwi.** Ja'miyetlik miynet bo'liniwshiligi menen bir qatar basqarıwshılıq isinin' ha'm ajralıp shıg'ıwı ha'm aqırın qa'niygelesip turaqlı ka'sipke oylanıp barıwı ju'z bergen. Adamlardın' san jag'ınan ten' emes eki toparg'a basqarıwshılar ha'm boysınıwshılarg'a bo'liniwi ma'mlekettin' payda bolıwında son'g'ı basqısh esaplang'an. Basqarıwshılıq mansapları olardın' iyelerine u'lken materiallıq paydalar bergen, olardın' pu'tkil qa'wimge o'z qa'legenin o'tkeriwge mu'mkinshilik bergen. Qa'liplesip atırg'an basqarıwshılar qatlamı o'z ha'kimiyatı ha'm jen'illikleri menen ajralıp qalıwdı qa'lemes edi, onı o'z semyası ha'm urıwı menen bekkemlewge umtılg'an. Olardın' sho'lkemlestiriwshilik xızmeti siyasat xarakterge iye bola basladı. Qa'wimnin' administrativlik aqsu'yekleri ma'mleket chinovniklerine aylanıp barg'an.

Qa'liplesip kiyatırg'an erte ma'mleketshelerde jolbasshı (ko'sem)nin' ornı

ha'm o'zgergen, ol barg'an sayın ko'birek administrativlik lawazımlarg'a tayanatın bolıp qalg'an ha'm solay etip o'zinin' ha'kimiyatın ku'sheytip barg'an.

İlgeridegi ja'miyetlik basqarıw sistemasın shiyelinisken administrativlik ierarxiya kelip shıg'a basladı. Onın' joqarısında ko'sem turg'an, onın' ha'kimiyatı avtoritar ha'm muqaddes xarakterge iye bolıp qalg'an.

## Tema Alg'ashqı ja'miyet ma'deniyatı

1. Din
2. O'ner
3. Paydalı bo'limler.

**1. Din.** Adamlardın' tınımsız miyneti, olardın' jer ju'zine tarqalıwı, o'zlerin qorshap turg'an a'tirap orta haqındag'ı tu'siniklerinin' ken'eyiwine alıp keldi. Biraq alg'ashqı adamlar ushın ele ko'p na'rse tu'siniksiz edi. Olar ta'biyat qubılıslarının' (mamaqaldıraq, jasın, shamal, jawın, jer silkiniw, ku'n menen tu'nnin' almasıwı, ma'wsimler h.t.b) ha'm o'mirdin' ha'r tu'rli ta'replerinin' (auru, an'shılıqtag'ı sa'tsizlik ha'm t.b) haqıyqıy sebeplerin bilmesten, olardı ta'biyattan tısqarı ku'shlerge baylanıstırg'an bolıwı mu'mkin. Dintanıwshılar dinnin' psixologiyalıq tamırlarına: qorqıw, ayırım qubılıslardın' aldındag'ı ku'shsizlik ha'm t.b itibar qaratadı.

A'yemgi da'wir filosofları Demokrit, Epikur, Lukretsiy qudaylardı adamlardın' o'zleri oylap tapqan dep esaplag'an. XVIII a'sir Frantsiya materialistleri Didro, Golbax, Gelvetsiy ha'm t.b diniy sezimnin' adam menen birge qosılıp tuwılg'anlıg'ı haqqındag'ı idealist filosoflar ha'm teologlardın' ideyalarına qarsı shıqtı.

XIX a'sirdin' 70- jılları dinnin' kelip shıg'ıwı haqında anglichan-etnografı E.Teylordın' animistlik teoriyası payda boldı. Ol boyınsha alg'ashqı adamlardın' diniy tu'siniklerinin' en' birinshi tu'ri jang'a ha'm ruwxlarg'a isenim bolg'an. XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında anglichan filosofı R.Maret ha'm nemis ilimpazı K.Preis ha'm t.b **preanimizm** teoriyasın ilgeri su'rdi. Olardın' pikiri boyınsha ruxlarg'a ha'm jang'a sıyınıwdan aldın adamlar belgisiz ku'shlerge sıyıng'an. 1890-jılı anglichan etnografı D.Freyzerdin' dinler payda bolg'anda shekemgi da'wirde adamlar o'mirinde magiyanın' bolg'anlıg'ı haqındag'ı teoriyası payda boldı. Ol magiyanı dinge qarsı qoyıp onı ilim menen jaqınlastıradı.

Diniy tu'siniklerdin' payda bolg'an waqtı haqqında ma'sele boyınsha tiykarınan adamlardın' qa'birleri ja'rdeminde mag'lıwmat alıw mu'mkin. İlimde ha'zir 20 g'a jaqın neandertallarg'a tiyisli qa'birler belgili. Olar u'n'girlerde jaylasqan. O'liler onsha teren' emes shuqırlarg'a, bir qaptalg'a jantayg'an ha'm eki ayag'ı biraz bu'gilgen halda qoyılg'an.

Qa'birler topıraq yamasa taslar menen toltırılıp ko'milgen. Su'yekler shıg'ıstan batısqa qarap jatqızılg'an.(Teshiktash. 1939.Okladnikov A.T, Shonidar V. İrak). Arxeologiyalıq mag'lıwmatlar neondertallarda jerlew da'stu'ri ha'm diniy tu'siniklerdin' da'slepki tu'rlerinin' payda bola baslag'anlıg'ın ko'rsetedi. (quyashqa sıyınıw, o du'nya haqqında tu'sinik). Son'g'ı paleolit da'wirinde din

anıq ko'rinislerge iye boladı.

Alg'ashqı dinnin' bir tu'ri totemizm-bolıp, ol -bir topar adamlardın' haywan, balıq, o'simliktin' belgili bir tu'ri menen belgisiz bir ku'sh arqalı tuwısqanlıq baylanısına isenim. Ol adamlardın' bul toparının' totemi bolıp, ruw to'temnin' atı menen ataladı. Totemizm urıwılıq du'zimnin' payda bolıwı menen payda boladı. Bul da'wirde alg'ashqı adamlar tiykarınan an'shılıq penen shug'ıllang'anlıg'ına baylanıslı urıw-haywanlar atı menen atalg'an. Totem haywan ulıqlang'an, onı o'ltiriw ha'm go'shin jewge bolmag'an. Qasterli haywanlar tek diniy u'rp-a'det tseremoniyalarında g'ana o'ltirilgen ha'm jelingen. Usılay etip ha'zirge shekem zamanago'y dinlerde saqlang'an diniy qadag'anlar sisteması-tabu payda boladı. Mısalı, xristianlarda post ku'nleri haywan go'shlerinen awqatlanıwg'a bolmaydı. Adamlar totem haywanlardın' ko'beyiwi ushın, olardın' pu'tkilley qırılıp ketpewin baqlap otırg'an. Olarg'a arnalıp bayramlar o'tkerilgen, ol bayramlarda adamlar totem haywannın' terisin kiyip olarg'a uqsawg'a ha'reket qılg'an.

Totemizm qaldıqları ko'plegen xalıqlarda jaqıng'a shekem saqlanıp qalg'an. Avstraliyalıqlardag'ı totemizmdi dinnin' klassik totemizm u'lgisi dep qarasa boladı. Arqa Amerika indeetslerindegi totemlik isenim haqqında da ken' mag'lıwmatlar bar.

Totemizm men bir qatarda alg'ashqı ja'miyette **animizm** dep atalg'an din tu'ri ha'm boldı. (lat.anima-rux, jan) (E.Teylor). Du'nyada rux, jan tu'rindegi ta'biyattan tısqarı ku'shlerdin' bolıwına isenim. Da'slep jan adamnın' demi menen ten'lestirilip, ol denede ornalasqanlıg'ına isenim bolg'an. Alg'ashqı adamlar ta'biyattı janlı dep qarag'an. Demnin' tawsılıwı menen, yag'nıy jannan ketiwi menen o'mir, tirshilik toqtaydı dep tu'sinilgen. Keyinrek ruxtın', jannın' ayrıqsha obrazı,onın' bir ornınan ekinshi orıng'a (denege) ko'shiwi haqqında isenim payda boladı. O'lim menen adamnın' tek denesi jasawın toqtatadı, dep tu'sinilip, onın' janı jasawın dawam etedi dep tu'singen. Ruxlardı jaylastırıw ushın adamlar fetishlerdi oylap tapqan (port.fetiho-qoldan jasalg'an). Fetishler ta'biy zatlar-taslar, u'ngirler, terekler, miynet quralları bolg'an.

"Fetishizm" tu'sinigin dinnin' tu'ri sıpatında ilimiy a'debiyatqa XVIII a'sir frantsuz ilimpazı Sh.de Bross kirgizgen. Fetishizm-bul ta'biyattan tıs ku'shlerge iye buyımlarg'a (jansız) sıyınıw. Ayrım buyımlardı adamlar o'zleri menen alıp ju'rgen.

Magiya joqarıdag'ı diniy isenimler menen baylanıslı. Ol adamnın' ayrıqsha ku'shler menen (ha'reket, so'z) a'tirap du'nyag'a ta'sir ete alıw qa'biletine isenim.

2. **O'ner** Alg'ashqı ko'rkem o'nerdin' bir tu'ri jartas su'wretleri bolıp tabıladı. Olar jartaslardın' betine oyıp salıng'an. Tawlı jerlerde ko'p tarqag'an. Olardın' ko'pshiligi haywanlardı, miynet quralları, adamlardın' suwretlerinen turadı. Adamlardın' ku'ndelikli miynetine baylanıslı syujetler ken' orın alg'an. En' a'yemgi jartas su'wretleri qatarına İspaniyadag'ı Altamir, Frantsiyadag'ı Lasko, Lorte u'n'girlerinen tabılg'an su'wretler kiredi. Altamir u'ngirinin' to'besinde 20 g'a jaqın bizonlar, atlar ha'm jabayı shoshqalardın' suwretleri sızılg'an. Ha'r bir suwretti ajratıp alıp qarasan' olar a'jayıp etip sızılg'an, biraq ju'da' ta'rtipsiz jaylasqan. Ayrımlarının' ayaqları aspang'a qaratıp, ayrımları birinin' u'stine biri sızılg'an.

3. **Mu’sinlew o’neri** joqarı paleolitte payda bolg’an. Mu’sinler tastan, su’yekten islengen. Ko’binese hayallar, ayrım jag’daylarda erkekler, haywanlar ha’m zatlardın’ mu’sinleri oyıp islengen ha’m olar sol da’wirdegi adamlardın’ turmısı ha’m isenimi menen baylanıslı bolıwı kerek. ”Paleolit Veneraları” dep atalatug’ın hayallar mu’sinleri jer sharının’ ha’r tu’rli jerlerinen tabılg’an.

Ko’rkem o’nerdin’ muzıka, qosıq ha’m ayaq oyın tu’rleri ha’m erte payda bolg’an. Muzıkanın’ qosıq aytıw tu’ri instrumental muzıkadan aldın payda bolg’an delinedi. Sebebi vedda,qızıl jer atawı qa’wimleri muzıka instrumentlerinin’ birde-bir tu’rin bilmeydi. Ayaq oyın ha’m ju’da’ erte payda bolg’an.

Awızeki a’debiyatta erterek payda bolg’an. Adamlardın’ ha’m olardın’ u’rip-a’detlerinin’, du’nyanın’ kelip shıg’ıwı haqqındag’ı da’stanlar payda bolg’an. Keyinrek gu’rrin’ler ha’m ertekler payda bolg’an.

4. **Paydalı bilimler.** Alg’ashqı adamlardın’ jer ju’zine tarqalıwı olardı ha’r tu’rli ekologiyalıq sha’rayatlar ha’m haywanatlar du’nyası menen dush keltirdi. Ta’biy protsessler ha’m ta’biy qubılıslardı gu’zetip barmastan jan’a jerlerdi o’zlestiriw, haywanlardın’ a’detlerin bilmey turıp an’shılıq etiw, paydalı o’simlikler haqqında bilimler qorına iye bolmay turıp terimshilikte na’tiyjege erisiw mu’mkin emes edi. Bir-neshe mln jıllar dawamında jer ju’zi boylap tarqalıw barısında adamzat toplag’an bilimlerdin’ qorı o’nimdar xojalıqqa ha’m keyinirek tsivilizatsiyag’a o’tiwde belgili rol oynadı.

Birinshi kalendarlar a’dette ay kalendarı boldı, yag’nıy ay fazalarının’ o’zgerislerin gu’zetiwge tiykarlang’an. Biraq bunday ay shama menen 29,5 sutkadan, jıl quyash kalendarı jılınan 11 sutkag’a qısqa bolg’an. Diyxanshılıq-sharwashılıq xojalıg’ı kalendardın’ ha’m, a’lbette, astronomiyalıq gu’zetiwlerdin’ jetilisip barıwına alıp keldi.

Adamlar sol zamanlardın’ o’zinde ay ha’m quyash kalendarının’ sa’ykes kelmeytug’ınlıg’ın an’lag’an. Ko’plegen xalıqlar xojalıq talapları boyınsha ha’r tu’rli arnawlı kalendarlıq esaplawlar islep shıqqan.

Quyash ha’m ay kalendarın du’zetiw birinshi gezekte juldızlar toparların gu’zetiw arqalı a’melge asırıldı.

Juldızlar toparların aspan kartasında erte an’shılar ja’ma’atları anıqlap bilgen. Zodiaktag’ı juldızlar toparlarının’ atları (Qoy, Taw eshkisi ha’m t.b) aspan kartasının’ qa’liplesiwine an’shılar ha’m sharwalardın’ baslı rol oynag’anlıg’ın ko’rsetedi. Bul karta keyinirek erte klasslıq ja’miyette qabıl qılınıp ha’m rawajlandırıldı. Zodiaktın’ atının’ o’zi a’yemgi grekshe ”haywan” so’zinen kelip shıqqan.

Da’slepki astronomiyalıq tu’sinikler ha’m kalendarlardın’ qa’liplesiwi matematikalıq bilimlerdin’, birinshi gezekte adamnın’ barlıq xojalıq islerinde a’hmiyetli orın iyelegen esap ha’m o’lshewlerdin’ rawajlanıwına tikkeley baylanıslı boldı. Maldı sanaw, alıng’an zu’ra’a’tti bahalaw, kelesi ma’wsim eginshiligine tuxım fondın ajıratıw ha’m t.b. ja’ma’a’ttin’ jumıslar protsessinde sawsaqlar, tayaqshalar, qamıslar, taslar, da’nler ja’rdeminde belgilew ha’r tu’rli sanlardı kurastırıwlar qolaylı edi. Biraq sanlardın’ kombinatsiyaların uzaq waqıtqa saqlaw, alıs jerlerge anıq tu’rde jetkiziw ushın isenimli qurallar kerek edi. U’lken sanlardı qısqasha ha’m uzaq mu’ddetke este saqlaw ushın qolaylı bolg’an da’slepki

instrumentler payda boladı. Olar birkalar, bawlar, arqanlar tu’rinde bolg’an.

Paydalı bilimlerdin’ basqa tarawlarının’ rawajlanıwı da da’wirdin’ praktikalıq mu’ta’jliklerine baylanıslı boldı. Sharwashılıq zoologiyalıq bilimlerdin’, rawajlanıwına ta’sir etti. O’simliklerdin’ emlew qa’siyetlerin, haywanlardın’ ha’reketlerindegi ayrıqsha belgilerdi baqlawlar ta’jiriybesinin’ jıynalıp barıwı meditsinalıq bilimlerdin’ payda bolıwına alıp keldi. Arxeologiyalıq tabılmalar son’g’ı neandertallar o’simliklerdin’ paydalı qa’siyetlerin bilgen dep esaplawg’a mu’mkinshilik beredi.

Shanidor IV tegi jerlengen adamnın’ qa’birine gu’l buwması qosıp ko’milgen. Ol 8 tu’rli gu’l o’simligi bolıp, onın’ 5-u’y emlew qa’siyetine, birewi jewge jaramlı. Bul o’simliklerdin’ bir-neshe tu’ri ha’zirge shekem xalıq meditsinasında jaralardı ha’m shamallag’an kesellerdi emlewde qollanıladı. Erte urıwlıq qa’wim adamları massaj, kompress qılıw, qan ag’ızıw sıyaqlı fizikalıq emlew usılları menen bir qatarda da’riler menen ha’m emlegen. Avstraliyalıq aborigenler ha’m sınıqlı salıw, qandı ku’l, may ja’rdeminde toqtatıw, jılan shaqqanda qandı sorıp taslaw ha’m orının ku’ydiriw ha’m t.b. usıllardı qollang’an.

Gippokrat ta’limatı ellinlerdin’ alg’ashqı meditsinası jetiskenlikleri menen bir qatarda «Varvarlardın’», a’sirese skifler meditsinasının’ ratsionallıq ta’replerin o’zinde ja’mlestiredi.

Skifler antikalıq du’nyada emlew sho’plerin shiykizatın jetkerip beriwshiler sıpatında («skif sho’pleri»), fitoterapevtler, haywanlardan alınatug’ın ha’m minerallıq emlew da’rilerin bilgishler, quramalı da’ri aralaspaların du’ziwshiler sıpatında belgili bolg’an. Retseptlerdin’ ayırımlarında 60 qa shekem komponent bolg’an.

Gippokrat skif meditsinalıq ayırım o’zgesheliklerin bayanlap, ha’r qıylı awırıwlarda qan ag’ızıwdın’ ayrıqsha usıllarına, hayallardın’ bosanıwı waqtında qollanılatug’ın ayrıqsha belbewlerge ha’m tek, «bay skifler» g’ana awıratug’ın geypara keselliklerdin’ sotsiallıq bo’liniwshiligine itibar beredi.

Alg’ashqı adamlarda geografiyalıq bilimler tiykarları alg’ashqı qonıslasıw ha’m jan’a jerlerdi o’zlestiriw dawamında qa’liplesip bardı. A’ste-aqırın geografiyalıq jaqtan a’hmiyetli bolg’an barlıq obektlerdi sıpatlawdın’ jergilikli da’stu’rleri islep shıg’ıla baslaydı. Tonawshılıq urısları geografiyalıq bilimlerdin’ ja’ne de rawajlanıwına jol ashıp berdi. Polineziyalıqlar tayaqshalar ha’m taslardan turatug’ın kartalardan paydalang’an. taslar ha’m tayaqshalar atawlardı, ten’iz jolların, ag’ımlar ha’m shamallar bag’darın ko’rsetken.

Amerikalıq indeetsler, Arqa Aziya ha’m Afrikanın’ ayırım rayonlarının’ aborigenleri o’zlerinin’ kartaların ag’ash qabıg’ının’ betine pıshaq yamasa biz benen sızg’an, teri ha’m gezlemeler su’wretlegen. Ko’pshilik jag’dayda belgili bir marshrutlar kartası jasalg’an.

Alg’ashqı adamnın’ ruwxıy ma’deniyatının’ en’ a’hmiyetli jetiskenligi jazıw usılının’ oylap tabılıwı boldı. Rawajlang’an urıwlıq ja’ma’a’t da’wirinde mag’lıwmatlardı este saqlaw ha’m jetkerip beriw ushın su’wretler islep shıg’ıladı. Erte piktografiya belgili bir o’ndiris, xojalıq, a’skeriy jan’alıqlardı jetkiziw menen sheklengen. Keyinirek qa’wim tariyxındag’ı ataqlı waqıyalardı, an’ızlar ha’m rituallardın’ en’ a’hmiyetli jerlerin sa’wlelendirgen.

Piktografiyalıq su'wretler a'ste-aqırın ideografiyalıq jazıwg'a aylanıp barg'an. Onda belgiler ayırım so'zlerdi yamasa so'z buwınların bildirgen. Keyinirek ideografiyalıq jazıwdan a'dewir rawajlang'an buwınlı ha'm ha'ripli-dawıslı (alfavitli) jazıw sisteması kelip shıg'adı.
İdeografiya tek Qıtayda saqlanıp qaladı. Ta'rtiplesken jazıwdın' payda bolıwı alg'ashqı ja'miyetten tsivilizatsiya basqıshına o'tiw belgilerinin' biri esaplanadı.

A'DEBİYaTLAR


1. İstoriya pervobıtnogo obshestva. Epoxa pervobıtnoy rodovoy obshinı. M. Nauka, 1988.
2. İstoriya pervobıtnogo obshestva. Epoxa klassoobrazovaniya. M. Nauka, 1988.
3. Kosven O.M. İbtidoiy madaniyat tarixi ocherklari. T., Wzbekiston., 1960.
4. Stolyar A.D. Proisxojdenie izobrazitelnogo iskusstva. M. Nauka, 1985.
5. Teylor E. Pervobıtnaya kultura. M. Progress, 1989.
6. Tokarev S.A. Rannie formı religiy i ix razvitie. M. Nauka, 1985.


## Tema: **TILLER HA'M ETNOSLAR.**

**Ajratilgan saat: 2**
**Sabaq tu'ri:** leкtsiya

**Tiyкarg'ı sawallar:**

1. Etniкalıq belgiler ha'm etnostı qa'liplestiriwshi faкtorlar.
2. Lingvistiкalıq izertlewler ha'm ja'ha'n tilleri.

**Tayanısh so'zler:** Etnos, etnogenez, til birligi, madeniyat birligi, etnikalıq (milliy) o'z-o'zin an'law birligi. Lingvistik, morfologik, genealogik parqlaw, til semyası, til shaxapshasi, til gruppasi

**MAQSETI:**

Etnos ata-babaları haqqında tu'siniк beriw, etnogenezdin' baslanıw da'wiri ma'selesin jarıtıw, etniкalıq birliк bolıp qa'liplesiw da'wirin ta'riyplew, til ha'm lingvistiкag'a ulıwma sıpatlama beriw, lingvistiкalıq izertlew usılların tu'sindiriw, milliy o'zliкti an'lawda tildin' a'hmiyetin bahalaw.

**IDENTIV OQIW MAQSETLERI:**

1.1. Etnos ata-babaları haqqında tu'siniк aladı.
1.2. Etnogenezdin' baslanıw da'wiri ma'selesin anıqlaydı.
1.3. Etnikalıq birliк bolıp qa'liplesiw da'wirin ta'riypleydi.

2.1. Til ha'm lingvistiкag'a ulıwma sıpatlama bere aladı.
2.2. Lingvistiкalıq izertlew usılların tu'sindire aladı.
2.3. Milliy o'zliкti an'lawda tildin' a'hmiyetin bahalaydi.

Etnos insaniyat jamiyeti rawajlanıwının' ma'lim bir basqıshında payda boladı. Onın' baslanıw noqatı a'yyemgi da'wirde jasag'an etnostın' ata-babalarına barıp taqaladı. Etnograflar ol yaкi bul xalıqtın' fizionomiyalıq, til ha'm etniкalıq ata-babaların bir-birinen parıqlaw lazımlıg'ın uqtıradı. Eger ma'lim bir xalıqtın' teк g'ana fizionomiк (bet du'zilisine qarap) ata-babası izertlense ha'm onın' ushın paleoantropologiyalıq materiallar jeterli bolsa, insaniyat tariyxının' en' a'yyemgi basqıshlarına tu'siw mu'mкin. Biraq tabılg'an fizionomiyalıq ata-babaları ol yaкi bul xalıq etnogenezine baylanıslı dep qarap bolmaydı.

Ol yaкi bul xalıqlardın' ata-babalın tiline qarap izertlew unamlı na'tiyje bermeydi. Sebebi, insaniyat tariyxının' da'slepкi basqıshlarında кo'pshiliк etniкalıq birliкlerdin' tili qa'liplesip u'lgermegen.

Sonı aytıw кereк, etnos biologiyalıq emes, ba'lкi ja'miyetliк ha'diyse bolıp, ol insaniyat rawajlanıwının' ma'lim bir na'tiyjesi. Etnostın' qa'liplesiw da'wirinde de, кeyinsheliк ha'm qandaydur tariyxıy sebeplerge baylanıslı onın' quramına jan'a кomponentler кiredi. Ko'p кomponentli bolmag'an xalıq joq. O'zinin' qa'liplesiw protsesin baslag'an da'wirden baslap bul protsess tamamlang'ansha bolg'an da'wirde xalıq o'z quramına кo'plep a'yyemgi xalıqlar ata-babaları ha'm кirip кelgen кo'plep qa'wimler toparların aladı.

Etniк birliкlerdin' payda bolıwı, rawajlanıwı, xalıqtın' xalıqqa aylanıwı ulıwma tariyxıy protsess bolıp, ol a'yyemgi da'wirden baslanıp, ha'zirge sheкem dawam etpeкte. Etnos tariyxındag'ı a'hmiyetli basqıshlardan biri – etniкalıq birliкtin' qa'liplesiw protsesinin' tamamlanıwı esaplanadı. Etnograflar etnogenetiк izertlewler alıp barar eкen, tariyxtı eкi da'wirge bo'ledi: Etnogenez – bul xalıq qa'liplespegen da'wiri. Etniкalıq tariyx – xalıq qa'liplesкen da'wiri.

Xalıq qa'liplesкennen кeyin onın' quramına кirgen кomponentler onın' tolıq qa'liplesiwine onsha sezilerli ta'sir etpeydi.

Belgili bir xalıqtın' etnикalıq tariyxın u'yreniwde onın' etniк belgileri ha'm etnostı qa'liplestiriwshi faкtorlardı durıs anıqlaw кereк. Etnostın' tiyкarg'ı belgileri: til birligi, ma'deniyat birligi, etnикalıq(milliy) o'z-o'zin an'law birligi h.b. Arxeolog V. F. Genin' jazıwınsha, etnикalıq belgiler etnostı qa'liplestiriwshi faкtorlardan parqlı ra'wishte anıq etnикalıq mazmung'a iye. Etnostı qa'liplestiriwshi faкtorlarg'a Genin' obeкtiv faкtorları – aymaq birligi, ja'miyetliк-eкonomiкalıq struкtura bir pu'tinligin кirgizedi. Onın' piкirinshe, bular etnикalıq qatnasıqlar ha'm etnикalıq o'z-o'zin an'lawdı ju'zege кeltiredi.

Etnикalıq birliкtin' qa'liplesiwinde til a'hmiyetli sha'rt esaplanadı. Ayırım etnograflar tildi etnostı qa'liplestiriwshi faкtor dep esaplasa, basqalar tildi etnostı qa'liplestiriwshi faкtor dep esaplamaydı.

Etnикalıq belgiler ishinde etnикalıq o'z-o'zin an'lawg'a ayrıqsha itibar beriledi. V. Movrodin piкirinshe, xalıqtı eкi na'rse belgileydi: til birligi ha'm usı tilde so'ylesiwshi xalıqlardın' o'z-o'zin an'law birligi.

Til adamlar ortasında a'hmiyetli baylanıs quralı bolıwı menen birge xalıqtın' a'sirler dawamında qa'liplesip кelgen ma'deniyatı da'rejesin sa'wlelendiriwshi a'hmiyetli faкtorlardan biri. Lingvistiкa - tildin' barlıq ta'replerin: кelip shıg'ıwı, qa'liplesiwi h.b. protsesslerdi u'yreniwshi ilim. Sonın' menen birge lingvistiкa xalıqlardın' кelip shıg'ıwı, etnикalıq tariyxın u'yreniwde de u'lкen a'hmiyetкe iye. Etnostın' qa'liplesiwinde ha'm olardı parıqlawda til tiyкarg'ı rol oynaydı. Til birligine qarap ayırım xalıq ha'm elatlar anıqlanıp g'ana qalmay, кo'binese til tiyкarında atama da beriledi. Lingvistiк sıpatlama tariyxıy salıstırmalı u'yreniw arqalı anıqlanadı. A'dette кelip shıg'ıwı bir bolg'an xalıqlarda til jaqınlıg'ı boladı. Etnograf ha'm etnologlar tilge etnogenezdi u'yreniwdegi a'hmiyetli faкtor sıpatında jandasqan halda etnogenetiкalıq izertlewlerde onı morfologiyalıq (so'z du'zilisi) ha'm genealogiyalıq(genetiк-кelip shıg'ıw) jaqınlıg'ı ta'repleri tiyкarında ajıratadı.

Tillerdi morfologiyalıq jaqınlıg'ı tiyкarında ajıratıw quramlıq salıstırmalılıq metodı tiyкarında ajıratıw, yag'nıy tillerdin' кelip shıg'ıwındag'ı morfologiyalıq ta'repleri tiyкarında birden-bir sistemag'a salıw esaplanadı.

Tillerdi genetiкalıq jaqınlıg'ı tiyкarında ajıratıw tariyxıy-salıstırmalı metod tiyкarında, tillerdin' кelip shıg'ıwı ha'm ulıwma ta'replerin itibarg'a alg'an halda bir-birine tuwısqan tillerdi u'yreniw bolıp esaplanadı. Tillerdi genetiкalıq jaqınlıg'ı tiyкarında ajıratıw etnogenezdi u'yreniwde a'hmiyetli esaplanadı. Sebebi, bir-birine tuwısqan tilde so'ylewshi etnoslar a'yyemde bir-biri menen tuwısqan xalıqlar bolg'anlıg'ı, tillerdin' tuwısqanlıq baylanısların u'yreniwge ja'rdem beredi. Bul bolsa usı tilde so'ylewshi etnoslardın' o'z-ara tariyxıy jaqınlıg'ı da'rejesin ha'm o'z gezeginde olardın' tuwısqanlıq baylanısların tiкlewge imкan beredi.

Tildin' tuwısqanlıq baylanısları to'mendegi reje tiyкarında qurılg'an. "Til semyası – til shaqapshası – til gruppası – o'z aldına til". Til – ja'miyetliк tariyxıy tu'siniк. Til semyası ja'miyetliк xaraкter tiyкarında belgilenip bir semyag'a кiriwshi tiller bir-biri menen tiyкarınan кelip shıg'ıwı ha'm rawajlanıwı arqalı baylanısadı.

Tildin' tuwısqanlıg'ı onın' tiyкarg'ı so'zliк fondı ha'm grammatiкalıq du'zilisi tiyкarında anıqlanadı. A'lbette tildegi bazı so'zler bir-biri menen jaqın qarım-qatnasta bolg'an basqa tillerden alıng'an bolıwı halatları da кo'plep ushıraydı. Biraq tuwısqan tillerdegi tiyкarg'ı so'zliк fondının' bir-birine uqsaslıg'ı olardın' кelip shıg'ıwı bir tiyкarg'a iye eкenliginen dereк beredi.

Lingvistler du'nyadag'ı en' u'lкen til semyaları ha'm toparların to'mendegi ta'rtipte ajıratadı. Hind-evropa semyası, en' u'lкen toparları-german, roman, hindoriy, slavyan, eroniy, Semit-xamit semyası, en' u'lкen toparları semit, dravid, Ural-altay (bazı hallarda Ural ha'm Altay(tu'rкiy) semyaları), Tibet-xıtay, Shjuan-dun(tayvan) semyası, Mon-кxmer(tayvan) semyası, Malaya-polineziya (avstraneziya) semyası, Dravid semyası, Bantun semyası, Kavкaz (yafet)semyası, Nigero-кordofo semyası, Paleoaziat semyası, Esкimos – oleut semyası, Kaysan semyası.

Tillerdin' til semyasında ajıratıw, bir semyag'a(shaqapshag'a, toparg'a) tiyisli xalıqlar arasında olardın' tilindegi baylanıslar da'rejesin anıqlawg'a ja'rdem beredi.

Juwmaq ornında sonı aytıw mu'mкin, etnogenez ha'm etniкalıq

tariyxtı u'yreniwde lingvistiкalıq, etnolingvistiкalıq izertlewler u'lкen a'hmiyetкe iye.

## QADAG'ALAW TAPSIRMALARI:

1. Etnos …………hadiyse
   A.biologiyaliq
   V. jamiyetlik
   S. siyasiy
   D. A, V juwaplari duris
2. Etnikaliq birliklerdin payda boliwi, rawajlaniwi, xaliqtin xaliqqa aylaniwi________________protsesi.
3. Etnikaliq birlik______________ natiyjesinde qaliplesedi?
   A. aqmaq birligi
   V. uliwmauelat tilinin qaliplesiwi
   S. milliy o'zlikti anlaw
   D. V va S javoblari to'g'ri
4. V.Mavrodinnin xaliqti 2 narse belgileydi pikirin tusindirin.
5. Til ham lingvistikaga jazba tariyp berin.
6. Til…….
7. Etnogenez ham etnikaliq tariyxti uyreniwde lingvistikaliq izertlew usillarinin tiykargisin ko'rsatin.
   A. Morfologik. V. Genealogik S. A.V.

### O'zbetinshe islew ushın tapsırmalar:

1. Etnos rawajlanıwının' tiyкarg' da'wirlerin tu'sindirip berin'.
2. Etnostı qa'liplestirwshi belgilerdi ta'riyplep berin'.
3. Ja'ha'n tillerin кlassifiкatsiyalan'.

## A'DEBİYaTLAR:


1. Gening V.F. Etnicheskie protsessl v pervobmtnosti. Sverdlovsk, 1970
2. Masson V.M. Ekonomika i sotsialnsh stroy drevnix obshestv,- L,1976
3. Msgagan L.G.Drevnie obshestva. - L.1934
4. İstoriya pervobıtnogo obshestva. Epoxa pervobıtnoy rodovoy obshinı. M. Nauka, 1988.
5. İstoriya pervobıtnogo obshestva. Epoxa klassoobrazovaniya. M. Nauka, 1988.
6. Kosven O.M. İbtidoiy madaniyat tarixi ocherklari. T., Wzbekiston., 1960.
7. Stolyar A.D. Proisxojdenie izobrazitelnogo iskusstva. M. Nauka, 1985.
8. Teylor E. Pervobıtnaya kultura. M. Progress, 1989.
9. Tokarev S.A. Rannie formı religiy i ix razvitie. M. Nauka, 1985.